

APRESIASI PROSA JEUNG DRAMA

A. APRESIASI SASTRA

1. Wangenan Apresiasi

Istilah Apresiasi asalna tina bahasa latin *apreciatio* anu hartina “mengindahkan” atawa “menghargai” (Aminuddin, 1989: 34).

Dina kamus besar bahasa Indonesia (1987:46), istilah apresiasi miboga harti ngajénan kana hiji hal. Pamadegan séjéna diasongkeun ku Rusyana (1987:175) nu dimaksud apresiasi nya éta ngararasakeun karya seni dina wangun neuleuman jeung méré ajén anu méreña.

Tina tilu harti Apresiasi diluhur, bisa dicindekkeun yén nu dimaksud apresiasi nya éta prosés neuleuman kana hij hal nepika bisa ngararasakeun hadé- goréngna éta karya.

Istilah apresiasi biasana dilarapkeun kana karya sastra. Kukituna, nu dipedar téh ngeunaan wangenan apresiasi nu aya patalina jeung apresiasi sastra.

Apresiasi sastra nurutkeun Sutono (1986:10) nya éta “pengertian dan penghargaan terhadap karya sastra yang tumbuh setelah melalui kegiatan menggumuli karya sastra tersebut dengan sungguh-sungguh.

Pamadegan liana ditétélakeun ku Zakaria spk. (1981:6) nu dimaksud apresiasi sastra nya éta “kegiatan memahami cipta sastra dengan sungguh-sungguh sehingga menimbulkan pengertian dan penghargaan yang baik terhadapnya. “

Pamadegan nu leuwih lengkep ditetelakeun ku Rusyana (1984:322), apresiasi sastra nya éta “pengenalan dan pemahaman yang tepat terhadap nilai

sastra dan kegairahan kepadanya, serta kenikmatan yang timbul sebagai akibat semua itu.”

Tina sababaraha pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén nu dimaksud aprésiasi sastra nya éta kegiatan neuleuman karya sastra sangkan ngarti jeung bisa ngararasakeun hadé atawa éndahna éta karya sastra (bisa méré ajén ajén).

2. Tahapan Apresiasi

Tahapan aprésiasi unggal jalma henteu sarua. Aya nu handap, sedeng, jeung luhur. Sanajan kitu, tahapan aprésiasi hiji jalma nu handap atawa sedeng bisa dimekarkeun kana tahapan nu leuwih luhur.

Nurutkeun Rusyana (1984:322-323), tahapan aprésiasi dibagi tilu saperti ieu di handap.

a. Apresiasi Tahap Munggaran

Dina ieu tahapan, nu maca miboga pangalaman nu nyampak dina karya sastra. Nu maca baris baris kabawa intelékna, emosina, jeung imajinasina kana éta karya sastra. Pikiran, pangrasa, jeung hayalan nu maca baris milampah luyu jeung nu dipikahayang ku nu nyipta éta karya sastra

b. Apresiasi Tahapan Kedua

Dina tahapan kedua, daya inteléktual nu maca leuwih giat. Nu maca mimiti boga rasa panasaran kana eusi éta karya sastra. Upamana baé hayang nengetan unsur-unsur carita tina éta karya. Ku kituna, nu maca bakal ngalengkepan dirina ku pangaweruh ngeunaan unsur-unsur carita/karya sastra.

c. Apresiasi Tahap Katilu (Tahapa Pamungkas)

Dina tahapan pamungkas, nu maca nalungtik karya sastra bari dipatalikeun jeung faktor-faktor sejenna. Upamana baé jeung faktor ekonomi, politik, jeung kana waktu éta karya sastra dijieunna.

3. Kegiatan Apresiasi

Nu dimaksud kegiatan apresiasi nya éta kegiatan nu dilakukeun kalawan sadar tur miboga tujuan (Rusyana, 1984:323). Upamana baik dina kegiatan apresiasi carita pondok, kegiatan nu dilakukeun téh dipilampah kalawan sadar tur miboga tujuan pikeun wanoh jeung paham kana ajén-inajén nu nyampak dina éta carita pondok.

Kegiatan apresiasi sastra di sakola kudu luyu jeung tujuan nu baris dihontal. Guru kudu bisa nyiptakeun situasi nu pikaresepeun, sangkan siswa meunang kanikmatan jeung kasugemaan tina kegiatan apresiasi sastra.

Kegiatan apresiasi bisa dilaksanakeun sacara langsung jeung teu langsung. Ieu hal luyu jeung pamadegan Effendi (1972:18) nu nétélakeun yén kegiatan apresiasi sastra bisa dilaksanakeun ku dua cara, nya éta cara langsung jeung cara teu langsung.

Kegiatan apresiasi sastra sacara langsung, nya éta ku jalan maca, ngaregepkeun, jeung lalajo pintonan karyana. Éta kegiatan baris mere pangaruh nu hadé, nya éta apresiator baris bener-bener ngarti jeung ngajénan kana karya sastra. Nu dimaksud kegiatan apresiasi sastra sacara teu langsung nya éta kegiatan saperti :

1. Diajar téori sastra
2. Neuleuman essay jeung kritik

3. Diajar sajarah sastra

Bagian nu kahiji, nya éta kagiatan neuleuman atawa nalungtik karya sastra. Umpamana baé neuleuman sajak, carita pondok, novel, jeung drama.

Bagian kadua, nya éta kagiatan neuleuman karangan-karangan atawa essay-essey nu medar hal-hal nu aya patalina, jeung karya sastra. Salian ti éta, dina ieu kagiatan aya prosés neuleuman jeung ngajén karya sastra.

Bagian katilu, nya éta neuleuman kamekaran sastra ti mimiti gelar nepi ka kiwari, boh neuleuman lobana hasil sastra nu medar boh neuleuman ajén sastrana.

Sanajan cara langsung mangrupa cara nu utama, tapi éta dua cara téh teu bisa dipisahkeun, hartina raket pisan patalina. Dina prakna, éta dua cara téh silih rojong dina ngaronjatkeun aprésiasi sastra.

B. APRESIASI DONGENG

1. WANGENAN DONGENG

Dongéng kaasup kana golongan carita anu parondok, sarta sok aya bagian anu pamohalan, upamana dina jalan caritana, palakuna, atawa waktu kajadianana (Rusana, 1982:18).

James Danandjaya (1984:83) nétélakeun yén, dongéng téh nya éta carita prosa rakyat anu dianggap teu kungsi kajadian, dicaritakeun upama keur hiburan, sok sanajan réa ogé anu ngagambarkeun bebeneran, eusina pangajaran moral, atawa sisindiran.

Istilah-istilah anu sinonim jeung dongéng dina sababaraha basa di dunya, nya éta fairy tales, (carita peri), nursery tales (carita barudak), atawa wonder tales (carita ajaib) dina bahasa Inggris; marchen tina bahasa Jerman; aeventyr dina bahasa Denmark; snookje tina bahasa Walanda;

siaosu tina bahasa Mandarin; satua tina bahasa Bali jeung saterusna (ilikan Danandjaya, 1984:84).

Nurutkeun susunan bahasana, dongéng kaasup kana wangun lancarana (prosa) tapi sakapeung-kapeungeun sok diselang ku wangun ugeran (puisi) anu disebut kawih. Tina prakna didongéngkeun wangun lancarana dicaritakeun, ari wangun ugeran sok dikawihkeun.

Dongéng biasana miboga kalimah bubuka jeung panutup anu sipatna klise. Dina bahasa Inggris biasana sok dimimitian ku kalimah bubuka: *once upon a time, there lived a.....(dina hiji waktu, hirup saurang.....)*, jeung kalimah panutup.....*end happily ever after (.....jeung maranehna hirup bagja salalawasna)* (Danandjaya, 1984:84).

Hal séjéna anu raket patalina jeung dongéng nya éta kasempetan dina ngadongéng. Dina ngadongéng mah waktuna bébas pisan teu kauger ku aturan saperti dina carita pantun. Carita pantun mah pagelaranana biasana sok dilaksanakeun sapeuting jeput, malah aya sababaraha carita anu teu bisa sagawayah waktu dipintonkeun. Ieu hal téh raket patalina jeung upacara nu sipatna sakral, saperti sukuran imah, mapag panén, jeung sajabana. Tapi dina ngadongéng mah heunteu aya aturan waktu saperti kitu. Dongéng bisa dicaritakeun iraha baé jeung dimana baé, teu kauger ku waktu jeung situasi. Yus Rusyana jeung Amy Raksanagara dina hasil panalungtikanana (1976), nétélakeun yén kasempetan ngadongéng téh bisa dilaksanakeun dina sababaraha bagian, nya éta:

- a. Pada waktu berkumpul banyak orang. Misalnya, pada pertemuan, pada hari lebaran, pada waktu ada orang meninggal, pada waktu rapat désa, pada waktu kedatangan pembesar;
- b. Pada waktu mengobrol antara dua orang atau lebih, tetapi tidak banyak orang. Cerita muncul dalam obrolan pagi hari atau malam hari;

- c. Pada waktu sedang bekerja atau dalam perjalanan;
- d. Pada waktu ada orang bertanya asal-usul benda, nama tempat, dan sejarah. (tina Rusyana 1981:49-50).

2. Warna Dongéng

Anu kacaritakeun ngalalakon dina dongéng téh aya jalma, sasatoan tutuwuhan, mahluk lemes (gaib), jeung sajabana ti éta.

Dina hiji dongéng, anu ngalakona aya jalma pada jalma, atawa campuran jalma, aya sato, jeung aya mahluk gaib. Upamana dina dongéng “Si Caang” nu aya dina Pariboga I, anu ngalalakon téh aya jalma biasa saperti Si Caang jeung indungna, aya Praméswari, raja, jste. Aya sasatoan anu mangrupa sato biasa saperti ucing jeung anjing, ogé sato kajajadén, saperti oray jeung beurit bodas. Eta tokoh-tokoh sato téh digambarkeun miboga sipat saperti manusa, bisa nyarita keung bisa mikir. Palaku séjén na anu ngalalakon nya éta bangsa siluman, ti mimiti raja, praméswari, putra raja, patih, nepi ka punggawa, anu ngageugeuh nagara Nusantara di dasar lautan.

Kajadian anu kacatur dina dongéng lamun diukur ku akal, aya nu bisa katarima ku akal jeung aya nu heunteu atawa pamohalan. Anu ngalalakona ogé sok miboga sipat anu teu lumrah, upamana bisa nerus bumi, bisa ngaleungit, sakti mandraguna, atawa miboga jimat anu kacida saktina bisa nedunan sagala kahayang jeung paménta anu nyekelna.

Nilik kana eusi carita jeung palakuna, dongéng bisa dipasing-pasing jadi sababaraha golongan. Aya dongéng jalma biasa, dongéng sasatoan, dongéng sasakala jeung dongéng anu patali jeung mahluk gaib. Leuwih jentré bakal dipedar saperti ieu dihandap.

- a. Dongéng anu nyaritakeun kahirupan jalma biasa (parabel). Dongéng anu palakuna jalma biasa dibédakeun dumasar kana luluhur

(cikal bakal), pahlawan, pamingpin, manusa biasa, jalma tukang heureuy, jeung sajabana. disawang tina pakasabanana bisa dibédakeun, aya raja, putri, patih, ponggawa, kiai, tukang tani, tukang dagang, tukang nyirib, jeung sajabana (Rusyana 1982:19).

Di Jawa Barat, carita atawa dongéng-dongéng anu nyaritakeun jalma-jalma anu ngabela kapentingan masarakat méh aya diunggal wewengkon. Eta carita téh, upamana nyaritakeun kumaha nyanghareupan musuh atawa bancang pakewuh séjéna, nepi ka éta palaku dianggap pahlawan. Sajaba ti éta aya deui anu nyaritakeun tokoh pamingpin, nya éta jalma nu miboga kamampuan anu rohaka, sok sanajan teu miboga kasaktian, tapi éta tokoh téh jadi pamingpin masarakatna. Aya deui palaku carita anu mangrupa jalma biasa kalawan sagala kakurangan, jeung kaleuwihanana, sakumaha ilaharna dina kahirupan sapopoé.

Palaku séjéna anu mangrupa jalma dina kahirupan, nya éta jalma tukang heureuy saperti si Kabayan. Anu jadi jejer dina ieu carita, nya éta kalucuan paripolah palakuna. Ogé aya carita anu nyaritakeun kagagahan palakuna, jeung sajabana (bandingkeun Rusyana, 1981:20-21).

Conto dongéng anu palakuna jalma biasa dongéng “Si Caang”, “Ki Hamid”, “Jaka garumaya”, jsté.

a. Dongéng anu nyaritakeun kahirupan sasatoan (fabel) dongéng anu palakuna sasatoan paripolahna dicaritakeun kawas jelema upamana baé bisa nyarita jeung ngagunakeun akal pikiran, tapi kalakuan sato anu ilaharna tetep aya. Sasatoan anu dijadikeun palaku dina dongéng réa pisan, gumantung kana daérah atawa nagara. Di Eropa (Walanda, Jerman, jeung Inggris) nya éta sato rubah (fox) anu ngarana Reinard de Fox. Di Amerika Serikat palaku sato téh aya sababaraha rupa, keur urang Negro nya éta

kelenci anu ngaranna Brer Rabbit jeung pikeun urang Indian Amerika (Amerindian) nya éta sato coyote (sabangsa ajag), rubah, manuk gagak. Jeung lancah. Ari di Filipina nya éta monyét, sedengkeun di Indonésia kaasup di tatar sunda nya éta peucang. Sakadar conto ngeunaan dongéng sasatoan al ancarana dongéng “Peucang jeung Maung”, “Kuya jeung Monyét”, jste.

b. Dongéng au nyaritakeun asal-usul tempat, barang, sasatoan, jeung tutuwuhan (sasakala atawa legenda) dongéng anu patali jeung asal-usul ngaran tempat, barang, jeung sajabana ku James Danandjaya (1984:67-83) dibagi jadi opat golongan, nya éta:

a. Legenda kaagamaan, nyaritakeun legenda jalma-jalma suci atawa jalma soléh, saperti para wali, syeh, jste.

b. Legenda alam gaib, nya éta carita anu dianggap bener kajadian sarta kaalaman ku salah saurang masarakat. Tapi sabenerna mah deukeut kana hal-hal anu sipatna tahayul. Upamana jalma anu geus maot, tapi kapanggih hirup deui.

c. Legenda individu, nya éta carita ngeunaan tokoh-tokoh anu dianggap ku masarakat atawa icu nu miboga éta carita tokoh kasebut kungsi aya di kieuna. Upamana baé, tokoh Prabu siliwangi, Eyang Surya Kencana.

d. Dongéng anu nyaritakeun mahluk ciptaan sabangsa jurig jeung siluman (mite) dongéng alam goib sok aya nu dijieun minangka katerangan kana rupa-rupa kajadian, saperti kajadian naon sababna pare di sawah beak ku beurit, naon sababna aya sasalad jeung panyakit, jeung sajabana (Rusyana 1981:20). Numutkeun James Danandjaya (1984:50) carita saperti kitu kaasup kana mite, nya éta caritaan anu palakuna para dewa atawa mahluk satengah dewa. Mahluk gaib anu jadi palaku téh

miboga kaparigelan nyarita siga jelema, nepi ka bisa gunem catur jeung manusa (Rusyana, 1981:22). Palaku dina carita saperti kieu biasana miboga sipat anu husus, umpamana bisa ngarubah wujud, Sakti, kalawan miboga sipat hadé jeung goréng contona dongéng kuntilanak, onom, munjung, ngipri, jeung sajabana.

3. Aprésiasi Dongéng Si Sebul

a. Ringkesan

Si Sebul hirup kadua indungna, pagawéan indungna buburuh nutu jeung tandul sedengkeun Si Sebul gawéna ngan ulin baé, balik-balik ari haying dahar nu matak ngaripuhkeun indungna. Antukna indungna mindeng ngambek sarta nyarékan laklak dasar, sarta nitah masah bubu ka Si Sebul.

Dina hiji poé Si Sebul ngilu masang bubu jeung babaturanana, tapi Si Sebul mah masang bubuna teu lumrah jeung batur, nya éta dina tangkal kai lamé nu aya di susukan. Atuh Si Sebul pada ngageunggeureuhkeun ku babaturanana jeung ku indungna.

Isukna éta bubu th ditéang, kersana nu gaib bubu Si Sebul aya eusian hiji kantong kosong sarupa kasang. Gancang dibawa balik sarta dikukusan di enggona. Sagala paménta Si Sebul ditedunan ku éta kasang, nepi ka indungna Si Sebul jadi beunghar teu kurang nanaon.

Sabada makayakeun indungna Si Sebul amitan bebeja hayang ngalalana, indungna kapaksa ngawidian.

Teu kacatur dijalanna, kocapkeun Si Sebul geus anjog di hiji kebon anu upluk-aplak bogana Aki Kebon Jayatapa, anu hirup duaan jeung pamajikanana. Gancangna Si Sebul tumetep di dinya, sarta ngabantu-bantu ka Aki Kebon ku cara ngayakeun binih-binih tina kasaktian jimat endong

téa. Ari Aki Kebon Jayatapa sabenerna boga dua jimat nya éta parang sakti jeung pacul anu bisa barangawé ku sorangan.

Saeunggeus aya tujuh taun cicing jeung aki katut nini Kebon, Si Sebul neruskeun lalampahanana ka sisi laut Nusakambangan nu aya di bawahan nagri Balambangan, ti dinya manéhna terus tapa. Ari méméh indit ku Aki Kebon dibahanan parang sakti anu gunana pikeun panuduh jalan.

Kacaritakeun Raja Balambangan kagungan putrid kakasihna Dewi Ambini, geus ditanyaan ku tujuh raja, tapi tacan aya nu ditarima kawantu budak kénéh.

Sabada umur Dewi Ambini opat welas taun, datang pagebug angina nu ngabalukarkeun kakaian raruntuh, jalma-jalma paraéh keuna ku hawa peurah oray anu kabawa ku angin jeung cai tina susukan.

Raja Balambangan émut kana impénan, yén upama putrina geus umur opat welas taun bakal didahar ku oray. Ku kituna, ayana pagebug ogé patali jeung éta impian. Kulantaran sieun nagara jeung eusina tambah rusak, kapaksa putri dipiceun ka leuweung, ditunda dijero panjara beusi bisi dihakan ku oray lembu.

Oray nu nyebarkeun perah nenjo putri dipiceun gancang ngaringkukan éta panjara. Raja katut tujuh pararaja nu nanyaan putri téa dating pikeun ngajorag éta oray, tapi kabéh balad pararaja paraéh, kitu deui raja nu tujuhan teu bisa walakaya. Sedengkeun oray anu ngaringkukan panjara beusi geus ngaleungit, ngajanggelek jadi Si Sebul. Ku lantaran Si Sebul geus mampuh ngéléhkeun oray, manéhna dikawinkeun ka Nyi Putri Cinde ambini, padahal éta oray téh Si Sebul sorangan.

b. Galur

Si Sebul masang bubu sarta meunang jimat ending nu bisa nedunan sagala paménta nu bogana, nepika Si Sebul bisa makayakeun indungna.

Sabada indung Si Sebul beunghar ku harta terus Si Sebul ngalalana, sarta ngadon tapa di Nusakambangan nepi ka jadi oray gede. Oray gede téh ngaruksak nagri Balambangan, sarta ngelehkeun pararaja katut baladna. Sanggeus bisa ngéléhkeun pararaja Oray gede jadi deui jalma nya éta Si Sebul. Ku Raja Balambangan dilélér jenengan Ratu Anom Sanghyang Sebul jaya Wisaya.

Dongéng Si Sebul nilik kana unsur-unsur kajadian di luhur, bisa ditangtungan galur saperti kieu: Si Sebul miboga jimat ending anu bisa nedunan sagala paménta, tapi sabada boga éta jimat Si Sebul ngadon terus ngalalana sarta tapa di Nusakambangan nepi ka jadi oray nu ngaruksak nagri Balambangan. Sanggeus bisa ngéléhkeun pararaja anu ngalamar Nyi Putri éta oray téh ngajangélék deui jadi Si Sebul, ti dinya lajeng baé ku raja Balambangan Si Sebul ditikahkeun ka Nyi Putri Dewi Ambini sarta dilélér jadi Ratu Anom Sanghyang Sebul.

Si Sebul téh budak bantu-bantu indungna. Bubu di walungan cara kana panitah indungna, tapi cara masang bubuna teu parok jeung babaturanana lantaran masang bubuna dina tangkal kai.

Kersana Nu Kawasa, bubu Si Sebul aya eusian nya éta hiji éndong sakti nu bisa nedunan sagala paménta Si Sebul.

Sanggeus bisa makayakeun indungna ku harta tina hasiat éndong, Si Sebul ngadon indit ngalalana sarta tapa nepi ka jadi oray lembu. Tapa Si Sebul teu sia-sia, da kabuktian bisa kawin ka putrid jeung jadi ratu anom.

c. Palaku

Nu jadi palaku utama dina dongéng Si sebul, nya éta Si Sebul anu ngarana dijadikeun judil dongéng.

Palaku-palaku séjénna bisa disebutkeun minangka palaku palengkep. Dina ieu dongéng palaku utama teu miboga palaku lalawanan, lantaran

sagala masalah anu disodorkeun minangka bagian anu ngaruntuy nepi ka jadi hiji gemblengan carita.

Palaku-palaku anu aya dina dongéng Si Sebul bisa ditataan saperti ieu dihandap.

- Si Sebul anu kungsi jadi oray lembu, sabada kawin ka Nyi Putri Dewi Ambini dilélér jadi Ratu Anom Sanghyang Sebul Jaya Wisaya;
- Indung Si Sebul;
- Aki Kebon Jayatapa;
- Nini Kebon;
- Babaturan Si Sebul;
- Raja Nagara Balambangan;
- Putri Dewi Ambini putrana Raja Balambangan;
- Prameswari Raja Balambangan;
- Parabibi pangasuh Nyi Putri Dewi Ambini;
- Raja-raja ti tujuh nagara;
- Patih nagara Balambangan;
- Rayat Nagara Balambangan.

Palaku-palaku di luhur bisa dibédakeun numutkeun kalungguhanana, aya raja, aya patih, prameswari, putrid, aki kebon, barudak, ponggawa, eman, jeung rayat biasa. Gambaran palaku teu didéskripsikeun kalawan jéntré, cukup ku disebutkeun wungkul.

d. Latar

Dina dongéng Si Sebul, anu jadi latar tempat nya éta wewengkon Jampang jeung wewengkon Nusakambangan. Wewengkon Jampang kiwari ayana di Kabupatén Sukabumi Jawa Barat. Ari wewengkon Nusakambangan ayana di Kabupatén Cilacap Jawa Tengah anu kiwari mah dipaké tempat narapidana ditahan.

Latar dina ieu dongéng teu didéskripsikeun sacara écés, ngan sakadar disebutkeun wungkul ngaran éta tempat, malah aya sababaraha kajadian anu teu disebutkeun dimana lumangsungna. Tapi, éta kajadian bisa dikira-kira tempatna, upamana paguneman Si Sebul jeung indungna ti jero imah, paguneman Si Sebul jeung aki nini kebon di leuweung, paguneman Raja Balambangan jeung raja-raja ti tujuh nagara di sabudeureun karajaan Balambangan, paguneman Si Sebul jeung Raja Balambangan di leuweung.

e. Téma

Téma nu kagambarkeun dina dongéng Si Sebul kapanggih tina eusi carita jeung nilik kaayaan palaku, nya éta kudu daék ihtiar tur néangan pangalaman lantaran rejeki jeung kabagjaan tara datang sorangan kitu baé, tapi kudu ditarékahan. Ieu téma téh patali jeung gambaran Si Sebul, anu daék ihtiar masang bubu jeung tapa di Nusakambangan nepi ka jadi ratu Anom di nagara Balambangan.

Tema séjénna anu aya dina ieu dongéng, nya éta patali jeung gambaran watek Raja Balambangan anu adil palamarta, daék ngorbankeun kapentingan pribadi keur kapentingan balaréa. Temana bisa nempatkeun kapentingan balaréa disaluhureun kapentingan atawa kulawarga. Raja Balambangan dina ngalaksanakeun éta téma, nya éta miceun putrina ka tengah leuweung.

f. Amanat

Nilik kana eusi carita, bisa dicindekeun yén amanat anu hayang ditepikeun ngaliwatan ieu dongéng nya éta kudu daék ihtiar jeung digawé enggoning ngaronjatkeun kahirupan, lantaran rejeki teu dating ti langit tapi kudu ditarékahan.

Amanat séjénna dina ieu dongéng, nya éta patali jeung kaadilan hiji pamingpin, anu daék ngabéla kapentingan rayatna tina kapentingan pribadi jeung kulawarga.

g. Fungsi Moral

Dongéng Si Sebul méré atikan moral anu kacida munelna, nya éta gambaran hiji jalma anu daék ihtiar pikeun ngaronjatkeun hirup jeung kahirupanana. Tarékah nu dilaksanakeun ti mimiti masang bubu, ngalalana sarta digawé di Aki Kebon Jayatapa, jadi oray lembu lantaran tapa. Éta pagawéan téh dilaksanakeun kalawan sabar jeung tawekal teu gedag kaanginan ku pangjejeléh ti batur.

Moral séjénna anu hayang ditepikeun ngaliwatan ieu dongéng, nya éta gambaran hiji raja atawa pamingpin anu daék ngorbankeun kapentingan pribadi jeung kulawarga demi kapentingan jeung kasalametan rahayatna.

h. Fungsi kapercayaan

Dina dongéng Si Sebul méré gambaran kana tradisi masarakat Sunda anu sok percaya kana impian. Impian keur masarakat totondé atawa kira-kira anu bakal kajadian.

C. APRESIASI CARITA PANTUN

1. Wangenan Carita Pantun

Carita pantun mangrupa salah sahiji sastra Sunda pituin jasa para pangarang baheula nu ilahar disebut bujangga. Ajip Rosidi (1966:1) nétélakeun, yén nu dimaksud carita pantun nya éta sarupanin sarita rékaan panjang anu dilalakonkeunana umumna alam Pajajaran jeung alam behditueunana. Ilaharna pagelaran mantra lumangsung sapeuting jeput ti mimiti bada Isa nepi ka wanci subuh.

Carita pantun enya-enyana mah media sastra Sunda buhun nu mangrupa maniféstasi Jiwa Sunda baheula. Fungsina némbongkeun Jiwa jeung kapercayaan pakumbuhan nu ngahasilkeunana. Gunana di masarakat, ceuk Tatang Sumarsono (1986:33), dina mangsa katukang-tukang mah pagelaran sarita pantun téh lain ngan ukur keur hiburan wungkul tapi dianggap pagelaran anu raket patalina jeung kapercayaan, upamana baé dina ngaruat, méré ngaran orok, sunatan, mitembeyan tandur, mungkas panén, jrrd. Bisa jadi éta anggapan téh kiwari gé masih kénéh hirup lantaran carita pantun dianggap sakral téa.

Lian ti keur hiburan jeung kagiatan-kagiatan nu raket patalina jeung kapercayaan, kiwari carita pantun jadi bahan panalungtikan, lantaran ceuk Ajip Rosidi (1983:13), carita pantun gedé mangpaatna keur kajembaran basa jeung sastra Sunda. Malah keur widang-widang pangaweruh séjénna, kayaning: sajarah, antropologi, ethnografi, kapercayaan, jll-na. Lian ti éta carita pantun baris méré katerangan ngeunaan kahirupan-kahirupan urang sunda baheula, baris bisa méré bahan pikeun ngayakeun rékonstruksi hirup kumbuh Sunda buhun.

Kulantaran gedé mangpaatna téa, carita pantun ti béh ditu kénéh geus dikumpulkan, dibukukeun, jeung ditalungtik. Nurutkeun Ensiklopédia Sastra Sunda (1983:301-302) paneka panalungtikan carita pantun saperti di handap ieu.

Dina taun 1891 Agus Raksa Atmadja, kontrolir Y.Y. Meyer kungsi ngumpulkeun carita pantun anu aya di wewengkon Baduy. Carita pantun nu dikumpulkeun di antarana: lalakon Bima wayang, Gajah Lumantung, dan Panambang Sari.

Argasasmita, mantra gudang kopi di Kawunlarang (Majaléngka), nulis carita pantun Lutung Kasarung dina aksara Jawa. Anu satuluyna éta teks ku Atja disalin kana aksara latén. Lian ti éta, Atja remen nyutat carita pantun pikeun bahan babandingan jeung naskah nu dicutatna.

M. Engkawidjaja (1937) ngarobah carita pantun Lutung Kasarung kana wangun wawacan. F.S Zringa (1949) nulis disertasi dina widang filologi jeung sastra ngeunaan eusi carita pantun Lutung Kasarung. K.H Ridding (1929) nulis disertasi ngeunaan Nyi Sanghyang Sri nu aya patalina jeung carita pantun.

Dina taun 1971 D. Djayasumpena nerbitkeun hasil talaahna ngeunaan eusi carita pantun Lutung Kasarung. Lian ti éta kungsi nulis carita pantun Mundinglaya Di Kusumah. Kitu deui Ahmad Bakri (1976) kungsi nepikeun carita pantun Lutung Kasarung dina majalah Manglédumasar kana teks Argasasmita.

Rd. Kartabrata (1923) magelarkeun carita pantun Lutung Kasarung dina wanda gending karasmén di Bandung. Dina taun 1949 Rustam Sutan Palindih nyalin carita pantun Lutung Kasarung maké basa Indonésia. Kitu deui Ajip Rosidi (1968) medar perkara carita pantun Deugdeugpati Jayaperang dumasar kana édisi C.M.Pleyte.

Dina taun 1970, Ajip Rosidi ngadegkeun Proyék Penelitian pantun dan Folklor sunda (PPP&FS). Éta proyék ngumpulkeun carita pantun Buyut Orenyeng, Badak Pamalang, Budak Manjor, Bujangga Pangalasan, Ciung Wanara, Gantangan wangi, Kembang Panyarikan, Kuda Maléla, Lutung Kasarung, Lutung Leutik, Mundingkawati, Nyai Sumur Bandung, Panggung Karaton, Parénggong Jaya, Radén tanjung, sri Sudana atawa Sulanjana jeung Mundinglaya Di Kusumah.

Tétéla carita pantun geus dikumpulkeun, dibukukeun, jeung ditalungtik ti béh ditu kénéh, tapi panaungtikan husus keur bahan pangajaran mah katangén kurang pisan. Ku kituna ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun pikeun kaperluan bahan pangajaran, utamana bahan pangajaran (unsur-unsur) carita pantun.

Carita pantun nu baris dijadikeun conto Aprésiasi nya éta carita pantun Lutung Leutik.

2. Aprésiasi carita Pantun Lutung Leutik

Sempalan Carita Pantun Lutung Leutik

Asyhadu alla ilaha ilallah

Wa asyhadu anna Muhammadarasulullah

Jisim kuring ti payun ngaula pihatur

Ka Jagatara

Pangersakeun

Ka Allah ka Rosulullah

Darma mantun

Nabiyi Muhammad

Allahuma sayidina Muhammad

Allahuma sayidina Muhammad

Ala sayidina Muhammad

Simkuring ngaleuleuhal neda pihatur

ka wa dalem dingin sabadegana

Ka Embah Kuru sangkan Cirebon girang

Nu asal ka Embah Pangéran Panjunan

Jisimkuring kapiwarang kudu ngélék

Dina wengi ieu papantunan
Ku Ki Ayip
Anu ngarajah
Lain munah
Lain carék
Lain basa
Maksud-maksudna rék dipeuhteur
Supaya turunkeuneun ka anak incu
Supaya uninga wa dalem dingin
Kalayan embah Kuwu sangkan Cirebon girang
Nu asal Embah Pangeran Panjunan
Nuhunkeun suka lega karidoanana
Ku sim kuring bakal ditutur heula
Diucap dicaritakeun

Ka Sunan Purba
Ka Sunan Kabéh
Ka Sunan Kalijaga
Ka Sang Ratu Dangiing Purba
Ka Pangéran Jurus
Ka Guna Kusumah
Ka Galuh Adam Babar Buana
Ka Sangiang Rancasan
Ka Gending Sangan Gending
Sanggakeun hatur pangabakti sim kuring

Saterasna ngahaturkeun pangabakti
Ka indung bumi
Ka bapa langit
Ngahaturkeun pangabakti
Ka mendung ka nu moékkeun
Ngeunteungkeun ka langit poék peuting
Ngesreh pangabakti
Ngahatur pangabakti
Ka nu boga taun dalapan
Bulan dua welas
Ngahaturkeun pangabakti
Sim kuring nguningakeun
Ka nu ngugakeun dalapan duawelas
Sarta nguningakeun deui
Ka urang sawarga maniloka

Ka Para Pujangga
Para Dewata
Para Pohaci
Para widadari
Ka ibu nu miresa loba
Muga ngahatur pangabakti
Jisim kuring duméh kedah ngelek peuting
Ieu papantuan digurit
Muga-muga diparengan supaya berekah salamet
Waras waluya apanjang apunjung
Sakitu ka urang sawerga maniloka

Ulah jadi kabendon
Bilih kurang saréat saratna
Marga dipénta moal seep

Saterasna ngahaturkeun pangabakti
Ka para dedemit
Sadaya para dedemit Bandung
Anu ngageugeuh dayeuh Bandung
Anu cicing di tengah dayeuh
Disuhunkeun pitulungna
Mugi-mugi ulah ngabadaran gogoda rancana
Sing berekah salamet
Waras waluya
Waras pitutur
Éndah picaréknana
Sakitu ngahaturkeun pangabakti
Luput tumut
Salah mugi ngahampura sim kuring
Nambé ka para karuhun
Ka para nu ngartos salapan
Turunan ti ciistri salapan
Turun ti pameget
Mugi-mugi mangnedakeun
Ka Gusti Maha Kawasa
Suoaya marengan berekah salamet
Waras waluya
Sakitu sim kuring nu dibaktikeun

Bilih luput tumut
Salah mugingahapunten

Salajengna ngahaturkeun pangabakti
Ka nuhunkeun berekah ti Aloha
Rasa patihna bagénda ti Aloha
Rasa patihna Bagénda Rohmat
Ka Aloha patih sadaya para wali
Mugi-mugi dilemperkeun
Sakituna ka Uwa dalem Dingin Sabadegana
Mugi-mugi marinnan berekah salamet
Waras waluya
Marteda ka nu kawasa
Ieu dupi cariosan
Bakal ditukil turunkeuneun jaga
Ka incu putu
Sakituna nu dihaturkeun ku jisim kuring
Bilih lepat nyebut
Salah ngucap
Mugi kersa ngahampura
Ka ituna ka ieuna
Sakur aya nu di dalem
Sakituna ku sim kuring nu dibakti
Disuhunkeun pitulungna
Mugi-mugi ngabareng rancana
Ngalaksanakeun kana sagala percipta
Mugia diparinnan hasil pamaksudan.

D. APRESIASI CARITA PONDOK

1. Wangenan Carita Pondok

Carita pondok kaasup kana karya rékaan fiksi, anu dilakukeun tina rahim bakat si pangarang, ngagunakeun basa minangka médiana ngagambarkeun misteri kahirupan, ngaguar enas-enasna, ngobét hal anu panghakikina ngarah jadi eunteung.

Frans Mindo méré pamadegan kana carita rékaan, anu kacindekanana yén carita rékaan téh mangrupa carita narasi anu sipatna naratif, fiksi anu sipatna fiktif sarta wangunna prosa.

Dina sastra Sunda istilah carpon nuduhkeun kana karangan dina basa lancar (prosa)

Anu wangun fiksina pondok tapi éta kecap pondok téh can nyugemakeun pikeun dijadikeun wangenan carita pondok. Kungsi ditepikeun ku Tatang Sumarsono (1986:68), yén carpon téh mangrupa karangan fiksi anu caritana teu enya-nya kajadian atawa kaalaman ku dirina. Dina maca carpon biasana méakkeun waktu nepi ka 30 menit sarta jumlah kecapna ogé umumna tara leuwih tina 500 nepi 5000 kecap.

Lain deui pamadegan Ellery Sedgwick (Notosusanto, 1957:30), manéhna méré pamadegan yén carita pondok téh nya éta: Pengajian suatu keadaan tersedia atau suatu kelompok keadaan yang memberikan kesan yang tunggal pada jiwa pembaca. Cerita pendek tidak boleh dipenuhi oleh hal-hal yang tidak perlu atau “a short story must not be cluttered up with irrelevance”.

Aya deui pamadegan séjén ti Yus Yusrana (1981:44), yén carita pondok téh sarua jeung dongéng. Boh carpon boh dongéng sarua parondok, ngan baé dina dongéng sok aya bagian anu pamohalan, tapi dina carpon mah umumna teu

aya. Tegesna eusi caritana kaharti ku akal. Palaku, jalan carita, tempat jeung waktu kajadianana diréka lir enya-nya kajadian.

Sabada maca wangenan di luhur, bisa dicindekeun yén carita pondok nya éta karya anu kaasup kana karangan fiksi anu bisa méakkeun waktu 15 nepi ka 30 menit pikeun dibacana, ogé caritana kaharti ku akal tur jalan caritana lir bener-bener kajadian.

2. Ciri-ciri carita Pondok

Henry Guntur Tarigan (1954:177-178) nétélakeun yén ciri-ciri carita pondok nya éta:

- a. *Ciri-ciri utama cerita pendek adalah singkat, padat, intensif.*
- b. *Unsur-unsur utama cerita pendek adalah adegan, tokoh, dan gerak:*
- c. *Bahasa cerita pendek haruslah tajam, sugestif, dan menarik perhatian,*
- d. *Cerita pendek haruslah mengandung interpretasi pengarang tentang konsepsinya mengenai baik secara langsung maupun tidak langsung.*
- e. *Sebuah cerita pendek harus menimbulkan perasaan pada pembaca bahwa jalan ceritalah yang pertama-tama menarik perasaan dan baru kemudian menarik perhatian.*
- f. *Cerita pendek mengandung detail-detail dan insiden-insiden yang dipilih dengan sengaja dan yang bisa menimbulkan pertanyaan dalam pikiran pembaca.*
- g. *Dalam sebuah cerita pendek, sebuah insiden yang terutama menguasai jalan cerita*

- h. Cerita pendek harus mempunyai seorang pelaku utama*
- i. Cerita pendek harus mempunyai kesan dan efek yang menarik.*
- j. Cerita pendek tergantung pada situasi.*
- k. Cerita pendek memberikan impresi tunggal.*
- l. Cerita pendek mempunyai satu kebulatan efek*
- m. Cerita pendek nyajikan satu emosi*
- n. Jumlah kata-kata yang terdapat dalam cerita pendek biasanya dibawah 10000 kata. Tidak boleh lebih dari 10000 kata (kira-kira 33 halaman kuarto spasi rangkap)*

Jacob Sumarjo ogé méré pamadeganana kana ciri-ciri carita pondok, di antarana waé:

- a. Wangun pisikna pondok
- b. Sipat caritana naratif, lain argumentatif
- c. Fiktif
- d. Realistis
- e. Ngandung hiji kajadian

Nilik kana pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén ciri-ciri carpon téh nya éta:

- a. Carita pondok mangrupa karangan rékaan anu wangun fisikna pondok lantaran kawengku jumlah kecap anu relatif pondok.
- b. Sipat carita pondok téh narasi anu fiktif, maksudna caritana heunteu bener-bener kajadian tapi kudu luyu atawa nyoko kana realitas tur kaharti ku akal.
- c. Carita pondok ngandung hiji kajadian hartina eusi caritana kudu museur kana hiji implengan anu rék ditepikeun.
- d. Jalan carita pondok kudu ngirut haté nu maca tuluy ngirut pikiran nu maca.

- e. Dina carita pondok kudu aya saurang palaku utama lantaran kajadian dina carita pondok kudu museur kana salah saurang palaku, nyatana palaku utama.
- f. Basa anu dicaritakeun dina carita pondok kudu singget.
- g. Média anu dipaké dina carita pondok kudu ngagunakeun media tinulis.

3. Apresiasi Carita Pondok

Surat keur Bapa

(Karya Iskandarwasid)

Da puguh jalma leutik bapa kuring mah, nya waktu maot téh nu ngalanteurkeunana ogé jalma-jalma laleutik deui waé. Jeung teu loba, tapi bangun ariklas. Cuhcih nu nguruskeun pasaran, lapor ka lingkungan, nu nyusur taneuh, na motong papan pipadungeun, manguruskeun piboéheun téh éstu tanpa pamrih. Mu téa mah maranéhna ngararepkeun buruh asa piraku, da puguh kaayaan kolot kuring téh geus nembrak. Di gowok nya buntut nya ngupung kitu bet piraku aya araheun.

Peutingan sabada dikurebkeunpa erte datang, duaan jeung ketua seksi dana kematian. Panjang ngobrolna mah jeung indung kuring téh, kuma wé ilaharna ka nu tas kapapatenan. Tapi ari maksud n amah ngan milu prihatin wé cenah ti kadang warga saérté. Barang rék balik manéhna téh nyodorkeun duit, dibungkus ku keretas, dikarétan. Kaciri da bungkusna teu buni, geus lalusuh, da puguh meunang ngumpulkeun ti tatangga-tatangga wé, papada jalma teu boga. Tuluy sasalaman jeung indung kuring. Ka kuring gé, ka budak tara-tara ti sasari maké ngajak sasalaman.

“kadé Jang, siang junun sakola téh,” pokna. “boga pangarti mah sugan wé hirup téh moal ripuh-riput teuing. Geus kelas sabaraha ayeuna téh?” kuring unggeuk kawas nu heueuh.

Padahal ti barang bapa brek gearing téh kudu geus mindeng males. Mun dijumlahkeun mah aya tilu-minggu. Era tuda, unggal diabsén nu can mayar sumbangan bulanan, kuring deui kuring deui nu ngacung téh. “kumaha ieu téh mukri hah? Isuk deui isuk deui! Ari moal mayar puguh! Mun teu mampu atuh mawa katerangan ti érté!”.

Waktu dicitukéun téh kuring ngeluk wé . Tuda naon piomongeun. Ménta, ménta ka saha. Nenjo bapa sakitu payahna naha kanyeri piraku tega pok. Rék ngomong ka indung, kuriak nambah-nambah kabingung, da cacak mun aya méh moal kudu di pénta. Bérésna mah nya bolos téa wé. Ti imah indit, balik-balik lamun geus waktu budalan.

“si Mukri mangkir! Si Mukri Ibro!” pokna. Isukna dibarékakeun ka guru. Batur diajar kuring mah digelendeng. Tuluy dijagragkeun ka kantor kapala. Mani ngeleper sajeroning disekseukan téh. Sieun, jeung éra pangpangna mah. Tungtungna hing ceurik, teu kawawa. Waktu diidinan deui abus ka kelas téh teu pati atoh, da sieun disurakan deui. Rék tuluy balik komo, nambah-nambah pikacuaeun guru. Awahing ku bingung léos ka tukang, ngadon sibeungeut heula. Hayoh wé nyemplangkeun beungeut, pirang-pirang lila, da cipanon berebey deui brebey deui kawas cinyusu.

Tayohna bapa kepala téh nuturkeun, da waktu kuring malik manéhna ngajengjen tukangeun. Atuh rumpuyuk deui kuring téh, kawas nu kacerek deleg. Potlot gé nepi ka murag awahing ku reuwas. Hadéna buku mah heunteu. Mun murag téh meureun lapur kana kolombéran.

“ku naon atuh manéh téh anu sabenerna Mukri hemh? Cing pek balaka, da moal dikua-kieu. “pokna, “tadi-tadi maneh téh jadi pamujian guru, ari ayeuna bet kieu? ” teu nembal. “henteu gering mah manéh téh?” “heunteu”. “kamana waé atuh pangna teu sakola téh?” teu nembal. Lila heula kakara pok deui nanya. : “ari bapa manéh kana dagang kénéh?”. “heunteu”?. Udur. Tos lami da.”. Baruk gering?” pokna, semu kageteun. “saha atuh anu tunggu dipasar?”

“Da tos teu gaduh jongko ayeuna mah...”. Kuring jadi rada tatag nyarita téh da bapa kapala sorangan leuleuy ayeuna mah. Waktu dibawa deui ka kantor, teu rerempodan teuing cara tadi. Komo waktu dicekel tak-tak mah, bari leumpang, rarasaan téh asa keur leumpang jeung bapa sorangan.

Indung kuring kungsi diangkir ka sakola. Nya pasti rék ngabadamikeun perkara kuring. Balikna geus beurang, bari rambisak, nénjonkitun kuring téh mani hayang sagabrug-gabrugeun handeueul nénjo indung nepi ka kudu ngalaman patokanen, alatan pamolah kuring. Pantesana diditu téh kokompodan, da saumurna gé indung kuring mah tara nete kantorankantoran. Komo ieu bari jeung alatan anak nyieun tanmpah deui uni, sasat digebruskeun.

Méméh di pentog kuring hayang miheulaan wakca, yén polah abur-aburan ti sakola téh saestu n amah awahing ku teu kuat nahan kaéra. Lain ngahaja rék ngawiwirang kolot. Tapi teu bisa pok da biwir kaburu kabekem ku angen nyelek.

Indung kuring geus jigana teu bisa bro ngutahkeun kakeuheul téh, bangun teu tegeleun nénjo kuring nu geus taya peta bisa ngangles. Nyaritana teu papanjangan deuih. Kitu méméh ngaharéwos. Kawas anu sieun kadéngéun ku bapa di kamar.

“Jang Isuk mah sakola deui wé nya!” pokna. “sing getol cara sasari. Sing nyaah ka ema. Di sakola sing saregep, ulah carekeun batur. Geuning guru-guru téh sakitu balageurna”.

Kuring teu nembal teu unggeuk. Komo barang diusapan sirah mah kuring téh kalah ka nyuuh.

“sing tawekal jang, urang téh keur dipuragan. Mana kieu gé kersana Pangéran. Ngan muga-muga wé bapa sing geura sacara bihara bilhari deui. Genteng-genteng ulah potong...”

Peutingna kuring téh hésé rék saré. Nyileuk wé, asa jararauh panineungan. Sakapeung-sakapeung sangkat, bari neges-neges bapa, da kuring saré téh tunjangeunana. Beu, geus robah pisan bapa téh. Panon geus jarero. Tulang pipi mani nyalohcor. Kulit anu tadina hideung balas kapoé ayeuna mah konéas kawas hayam meunang ngaléob. Halisna asa beuki cokrom. Diteuteup téh: renghap, les. Alon pisan ngarenghapna téh bangun bareurat

“sok pa ku kuring dibantuan...” ceuk kuring jero hate. Pirang-pirang lila dipencrong we.

‘emh boa-boa pa...! tapi ah kétah pa...!’ ceuk hate, neger-neger manéh. Tapi, sajeroning ngahérang pikiran téh bet kalah ngalelewang manéh, teu beunang dibangbalérkeun. Bruh-bréh budak pahatu lalls, keur saparan-paran bari ngelak nanyakeun indung nananyakeun bapa. Pantesda budak téh pantaran kuring. Teu sanak teu baraya.

Tidinya tuluy nginget-ninget babaturan sakelas, saha-saha waé anu geus teu baroga bapa. Teu nimu. Aya gé nu kainget di kelas tilu, sahandapeun. Tapi ayeunageus kaluar, da sok pada nékéan wé ku batur-baturna. Ari ku budak awéwé, sok diparonyokan téh pédah tara disendal-sandal acan. Sabada kaluar kungsi panggih deui jeung manéhna téh,

dipéngkolan gang asih. Leungeuna nu kénca nyekelan biwir nyiru, ari nu sabeulah deui ngajingjing térmos és. Ngaleut wé gawéna téh sajajalan, nataan daganganana, “pisaaang...! Kasreeeng...! Katimus...!” bangun ripuheun naker nyunyuhun nyiru téh, da puguh awakna téh nya kurunya pacer.

Tariking anteb lamunan méh teu karasa kuring ujug-ujug nyampoyon, ngagéléhé gigireun bapa. Leungeun ngagaramang, meulit kana waruga nu kari tulang. Reup kuring peureum. Nginghak bari haharéwosan.

“Pa..., bapa, ulah waka ninggalkeun atuh pa...!”

Teu emat teu emut diharéwosan téh, bangun bangun geus teu ngadéngé nanaon. Malah ngarénghapna ogé asa beuki ngendoran. Awakna nyongkab kawas runghak. Kuring morosotkeun leungeun lalaunan ngarah teu karasaeun. Teu disangka-sangka nyah bapa téh beunta. Pék ngagileur ka kuring, bangun neges-neges semu lungsé.

“ieu abdi pa...! Abdi...!”

Sajeroning paneuteup hate geus teu sabar hayang geura ngadéngé deui sora. Ukur sakecap gé keun waé, ngarah ieu hate daékeun teger. Tapi didago-dago téh teu ngong waé, kalah reup deui jeung bapa. Jigana teu cukup ku teuteup peuting harita wé, da puguh sagalana gé geus nembrak. Bungbas taya gantar kakaitanana.

Mun téa mah aya nu nyantél waé sajeroning hate, nya éta mah.” Nanasiban nu jadi bapa. Paribasa, hirup téh bet népi ka kudu nyorangan maut nyere ka congokna.

Tadina mah bapa téh prah wé hirupna cara nu lian. Enya teu kasebut jalma aya, tapi teu ripuh-ripuh teuing. Mangtaun-taun bapa muka jongko di pasar, ngawarung sangu. Kajojo naker, boh kupapada urang pasar boh ku nu ngaliwat, da kabeneran jongkona téh nampeu kalawang, sisi jalan.

Turug-turug padeukeut jeung pangeureunan oplét atuh mani ngagimbung-ngagimbung waé anu ngadon dalahar jeung mantuan laladén. Ari indung kuring ukur kapeung-kapeung ayana pasar di pasar téh, da imah gé sakahayang sarua” pakpikpek. Asakeuneun keur isuk téh mani ngalayah, siga nu rék salamétan wé saban poé gé.

Harita mah teu ngimpi-ngimpi yén kasenangan bapa téréh nungtung. Ujug-ujug cew pabéja-béja di papada yén pasar téh cenah dibongkar ku kotamadia, rék dipindahkeun ka kiduleun rumah sakit. Teu kamana ku pamaréntah aya pasar lebah dinya lantaran ngotoran kaéndahan kota. Saban isuk runtah téh ngahunyud-hunyud waé, tapi béja kitu téh raména ukur bubulanan. Disusud-susud mah euweuh nu bisa mastikeun. Atuh nu baroga jjongko pikirna jarongjon deui.

Béja nu enya mah nu pandeuri. Cenah éta pasar téh rék dijieun pasar tingkat, malah adu manis jeung kamekaran kota. Nu baroga jongko tuluy dicatet ngarana saurang-saurang, da cenah engkéna pasar tingkat téh diajangkeun maranisna. Ngan ukur mimminguan jongko-jongko téh rata jeung lemah. Kari urutna wé kawas diburulukeun ku lini. Jung pasar tingkat téa mimiti tembong rangkay betonna.

Bapa muka warungna pindah ka peuntaseunana, némpél kana tembok took maksudna ngarah kapegat langganan. Sapoé duapoé mah nya bisa lila-lila langganan téh nungtutan laleupasan. Komo sanggeus pangeureunan oplét dipindahkeun mah nu ngaradon dahar beunang diitung ku ramo. Tukang béca na kitu, geus teu aya pangeureunan oplét mah maranéhna malencar tara ngariung didinya. Nya beuki titiseun wé dagang téh. Nyangu tilu leter ogé tampolana mah nyésa. Daging-daging atawa angeun ngalaman sababaraha kali dihaneutkeun. Beuki nyéot beuki boro meunang bati. Tungtungna nepi ka korédas jeung modal-modalna . malah

antukna mah bap amah mindeng nyebut-nyebut boga hutang, ka tukang daging sakitu, katukang béas sakitu, ka anu sakitu.

Cag kana sangu. Tuluy nyoba-nyoba ngasupan endog ka warung-warung, ngarah dina ngembreukna teu bangkar cara dagang asakan. Mandeg, da hésé balikna deui téh, kudu ngadagoan sapayuna. Pék dagang tanggung kana sayuran. Ngandeg deui waé da batur mah laris sotéh mana horéng dianjuk-anjukeun, bulanan atawa mingguan. Bapa mah tara bisa kitu, modalna ogé apan meunang unjam-injeum.

Ti harita aya bulan bapa téh nganggur, bangun mikir-mikir kénéh kana naon aya picabakeun.

Golosor imah kajual. Sasat dimumurah, da karurusuh ku nu baroga duit, nanagih waé. Sésa babayar ditapelkeun deui ka ragowok, jeung keur ngamodalan mih baso. Beuki lila beuki burindil wé, da mindeng nyésa gening dagang baso mah, meusmeus nombokan meusmeus nombokan. Indit sore balik peuting téh boro-boro, nu puguh mah bapa kuring beuki limpeu, cape ku udar-ideran jeung kurang saré. Dikeureuyeuh sotéh, da piraku ari kudu nangkeup tuur mah.

Kadieukeun bapa téh sok ménta dibarengan ku kuring, da mindeng lieur cenah. Bisi kajadian katurelengan di jalan aya nu bébéja ka imah. Ngiclik wé kuring téh nutur-nutur bujur bapa bari ngagéndol kurupuk, disoléndangkeun ku tali rapia. Pamoroan bapa téh parapatan jalan. Astana anyar, deukeut béngkél, duka kunaon didinya mah ramé waé. Mun ngalamot dinya sok geuwat muru stanplat Bojongloa. Didinya mah raména téh nu ngadaragoan beus; jeung oplét nu ka ciwideykeun. Saban sore kituna téh. Jigana maranéhna téh réréana mah. Pagawé pabrik, atawa tukang dagang; da béda tina pamuluna; mun geus reup peuting

kukurilingan téh sok ngarukgeung. Ungagal gang imeuy disaksrak ti tungtung nepi ka tungtung.

Enya wé bap amah leumpangna téh sok sosolontodan, lamun aya anu nyuntrung-nyuntrungkeun. Mun nénjo kitu kuring sok ngahaja miheulaan ngajak eureun, api-api capé. Mun bapa cingogo pundukna ku kuring sok pencétan lalaunan. Salila marengan bapa téh kungsi dua kali liwat ka pasar tingkat téa. Mani anjang. Dina urut jongko bapa téh ayeuna mah took televisi jeung radio. Plang nag é mani ngajeblog: took televisi Kong Liong. Apal kuring mah lamun dititah nataan jongko sasahana baréto di jajaran éta téh, da keur bapa didinya kénéh mah ngaulinan sapopoé. Ayeuna mah duka dimarana manéhna téh. Teu barisaeun arasup deui saréréa ogé da cenah nebus jongko nepi ka kudu ratusan rébu. Boro-boro. Kabéhanana boboléh. Antukna mah nya tup-top wé ku raja-raja uang da titadi gé tayohna mah geus pada ngadodoho.

Lalakon nutur-nuturkeun bapa tamatna dina poé saptu, pasosoré. Harita bapa keur diparengkeung panggih jeung milikna meunang panagogan nu merenah gigireun tukang sirop. Ramé ku jelema ramé ku nu meuli di dinya mah. Ti barang gog bapa teu eureun-eureun ngaladangan. Kuring mah cingogo wé gigireun blék kurupuk, bari nyérangkeun ka belah kidul, mani ngabaris nu daragang téh. Mun diitung mah aya kana tilu puluhna; tukang sirop, kupa tahu, suuk, martabak, sate, kuéh tangbang, pisang, gulé, ah nya rupa-rupa wé.

Keur meujeuhna ramé nu mareuli, na atuh ti Beulah kalér ujug-ujug kadéngé nu patingharéak, kawas aya riributan. Tingberetek nu lulumpatan. Mana horéng aya pembersihan, meni dua treuk. Petugas-petugas maraké baju héjo, maraké helm marawa pangebug, matak pigarilaeun. Datang-datang jungjleng laluncatan tina luhur treuk bangun tarapis pisan. Nu

daragang téh réok ka ditu, réok ka dieu, da puguh geus kakepung. Dor dar tanggungan paadu jeung tanggungan roda sorong awahing ku geumpeur. Sora panel brong brang, tigogoloncong. Borolo sora botol jeung piring. Katambah sora patingbeletok, jeung tingkocéak. Persis wé kawas aya nu kahuruan.

kuring bapa-bapaan, reuwas pacampur jeung sieun. Ari bapa digero-gero téh kalah nguruskeun pamulungan. Bérés pamulungan tuluy nyokot piring nu jarajan téa, gaya gayo. Atuh kaburu krewék mantén. Bapa nongtak, hayang nyalametkeun tanggungan bisi dihanyatkeun kana treuk. Barang rék regereyeng pisan leungeun bapa nu belah kénca karawél mantén.

“Tong lumpat siah!”

Pageuh nu nyerek keukeuh nu tétéréjél, na atuh ana barawak téh kepret bapa belah dua tilebah punduk pisan. Soéh ngangkarawak mapay tonggong da puguh baju geus bobo. Bapa ngarumpuyuk, siga nu rék brek diuk. Hadéna kuring dibéré inget. Bongoh itu, bapa ku kuring dijeuwang satengah digusur, sirikna teu bari notog-notogkeun manéh. Blus ka gang gupit. Seselendep, duka ka mana pibijileunana. Lebah nu nyingkur kamprét bapa anu awak-awekan téh dicatét heula ku panitih, bisi disangka jalma andar-andar.

Tilu poé ti harita tanggungan bapa téh aya nu ngalanteurkeun ka imah. Nu haat téh urang gang Mukardi, papada tukang baso deui wé, kawawuhan bapa. Mani geus payeyod tanggungan téh da puguh kaidek jigana, piringna mah teu kapulungan hiji-hiji acan.

Teu waka dibéjakeun ka bapamah. Angkanan engké wé mun geus cageur, da ti barang kajadian harita téh bapa tuluy ngaringkuk, panas tiris. Teu nyangka satungtung buuk harita meh yén bapa téh moal diparengkeun

nincak taneuh deui. Atuh nepi ka maotna lat waé poho teu kungsi kabéjakeun.

Inget-inget deui sotéh kana titinggal bapa waktu ngadéngé aya tatangga butuheun tanggungan baso. Sugaan wé payu. Pék dikumpulkeun, dikeprukeun, dielapan, diranjing-ranjing. Tuluy rancatanana dipasangkeun. Geus masang bet jorojoy aya pikiran séjén. Tanggungan téh héng ku kuring diajar-ajar, ngangser saeutik. Mun diteukteuk mah sukuna dua ramo ge cukup. Jung deui ajaran bari diemplad-emplad, ngukur beurat-beuratna.

“ah kabawa...” ceuk kuring, ngomong sorangan.

“ma..mun aya modalna mah nya...!”

Indung kuring teu nembal, ukur melengek. Tapi tembong aya sari bungah. Kuring teu wani ngomong deui bisi nambah-nambah susah pikiran indung. da tina buburuh nyeuseuh téh boro-boro aya sésana.

E. APRESIASI NOVEL

1. Wangenan Novél

Kecap novél téh asalna tina basa latén “novus” anu hartina anyar ieu kecap téh robah jadi “novelus”, terus rubah deui jadi novél. Nurutkeun katerangan asupna ieu istilah kana basa Inggris téh, abad ke-16. Pangna dihartikeun anyar sabab karangan wangun novél dina sastra Eropa téh leuwih beh dieu gelarna mun dibandingkeun jeung roman. Dumasar kana hal éta sastra deungeun mah memang aya novél jeung roman. Sedengkeun dina kahirupan sastra sunda antara roman jeung novel téh dianggap sarua.

Sangkan leuwih tétéla naon anu dimaksud novel téh nya éta karangan fiksi anu ngagambarkeun kahirupan sapopoé, jalan caritana loba bagian-bagiannana tapi angger gumulung dina hiji lanjeuran, dina eusi caritana

digambarkeun watak para palaku, suasana, waktu, jeung tempat lumangsungna kajadian. Kukituna novel téh ditulisna ngagunakeun basa lancar. Ari novel munggaran dina kahirupan sastra Sunda téh nyaéta judulna baruang ka nu ngarora karangan daéng kanduruan Adiwinata, dina taun 1914.

2. Aprésiasi Novél

Judul	: Novél Lain Eta
Pangarang	: Moh. Ambri
Penerbit	: C.V. Pustaka Sunda
Citakan	: Kaopat, 1965
Dikaluarkeun ku	: Rahmat Cijulang 1983, 1986
Wangunan	: Novél

a. Ringkesan carita

Basa balanja di took, néng Eha putra kalipah Cianjur papanggihan jeung Niahmud, murid KWS Betawi anu keur pakanci di Cianjur. Ti harita kalibetna hubungan cinta antara Néng Eha jeung Mahmud téa. Éta hubungan cinta dua rumaja téh dipungkas ku panglamar kolot-kolotna Mahmud, anu minangsaraya ka dulurna di Cianjur. Panglamar téh teu hararésé, langsung ditarima ku Juraga Kalipah.

Heuleut waktu, panglamar téh ku Juragan kalipah dibatalkeun. Malum, Mahmud ceuk Juragan Kalipah mah lain kupuna, anak patani Sukabumi, cacah kuricak, lain ti golonganana. Balukarna hubungan Eha jeung Mahmud téh kudu dipungkas ku pipisahan. Mahmud pleng tara embol-embol, cenah mah gawé di Semarang.

Ku ramana, Néng Eha téh dirépotkeun ku Juragan Mantri, duda kolot ti kuningan. Ngarangkepna Néng Eha ka Juragan Mantri , atuda satengan dipaksa, lain karana cinta. Sanggeus pisah lima bulan, ahirna Néng Eha léah daék milu ka Kuningan. Teu lila rukunna téh, Neng Eha hahadéan jeung lalaki séjén. ngarasa katohyan kalakuanana, Neng Eha kabur ka Cianjur sarta ménta dipirak.

Ku sabab sieun disusul ka Cianjur, Néng Eha indit ka Bandung. Nya didieu pisan Néng Eha meunang laratan ngeunaan kaayaan Mahmud, anu inyana geus kawin cek béja mah. Pikeun nyacapkeun ketugenahna, Néng Eha ngalambangari jeung Radén Kosim, hirup gé sacara istri carogé, reujeung saimah.

Ti wangkid kabur ka Bandung, ku kolot pamegetna jeung carogéna Néng Eha téh diburkeun, Néng Eha panundung ramana moal diaku anak, cenah. Juragan Mantri carogéna gé boseneun nguruskeun, nanging ari mirak mah henteu.

Teu ku henteu Néng Eha gering tipes, kudu dirawat di rumah sakit. Mulang-mulang ka Cianjur téh sanggeus cageur. Ningal saréat putrana, Juragan kalipah léah ngahapunteun putrana, diaku anak. Atuh salakina, juragan Mantri ogé nyaosan kahoyong Néng Eha, diragrangan talak, ayeuna Néng Eha bumen-bumen deui jeung sepuhna, babalik piker, getol ibadah, sadrah sumerah narima kadar.

b. Sawangan kana Galur jeung Plot

Runtuyan kajadian (galur) jeung timbulna sabab-musabab kajadian (plot) dina Novél Lain Eta, lamun dideskripsikeun:

Kusabab Juragan kalipah mamaksa megatkeun hubungan cinta Néng Eha ka Mahmud, Nén Eha ngalaman gering pikir. ku Juragan

Kalipah, Néng Eha téh ditikahkeun ka lalaki nu teu dikenalna sumawona ari micinta mah. Akibatna Néng Eha mangpisahkeun. Ku ramana deui Néng Eha dipaksa kudu tumut ka carogéna. Néng Eha mangkaburkeun jeung ngalambang Sari ka lalaki séjén. Néng Eha ogé kudu ngalaman gering parna sarta dirawat di rumah sakit. Sangeus cageur, Eha ménta panghampura ka ramana jeung carogé. Juragan Kalipah ngaku deui anak ka Néng Eha, pon kitu carogéna nyaasan kahoyong Eha, ngaragran talak. Ti wangkid harita, Néng Eha taat ibadah ka Pangéran, jadi jalma nu tawekal.

Éta galur téh bisa dibagi deui jadi dua bagian. Bagian kahiji, nya éta saméméh Néng Eha gering. Dina ieu bagian lumangsung konplik antara kahayang Juragan Kalipah jeung usaha Néng Eha pikeun nyingkasan paksaan ramana. Bagian ka dua, Sanggeus Néng Eha gering . dina ieu bagian mah teu aya konplik. Neng eha ménta hampura ka ramana, kalawan teu hararésé éta paménta téh ditedunan. Néng Eha bertobat ka Pangéran sarta tawekal narina takdirna. Pikeun saterusna bisa diterangkeun ieu dihandap:

Tindakan Juragan Kalipah megatkeun hubungan cinta Néng Eha ngabalukarkeun Néng Eha ngalaman kakuciwaan. Akibatna ieu peristiwa juragan kalipah maksa Néng Eha supaya kawin.

Jeung lalaki pilihanana Néng Eha pisah. Juragan Kalipah deui maksa sangkan Néng Eha taat ka salakina. Teu tahan terus dicitukun ahirna Néng Eha mangkaburkeun. Pungkasna konplik téh ditungtungan ku anurna Eha, Eha tikeleuh dina sagara bejadna moral, leungit ti masarakat, kolotna teu ngaku anak, nu jadi salaki teu nguruskeun. Eha téh aya dina sagara dosa jeung maksiat.

Alur bagian ka dua bisa ditétélakeun kieu:

Néng Eha ménta pangampura ka ramana, sarta éta pangampura, paménta téh dikabulkeun. Kitu deui ku carogéna kitu deui ku carogéna kahoyongna dicaosan. Néng Eha bertobat ka Pangéran, anu hasil ngumerebkeun dirina ngagulkeun katawekalan saurang mahluk kana kudrat iradat Khalikna.

Galur bagian I anu euyeub ku konflik téa, geus hasil ngalukiskeun usaha manusa dina ngungkulan jeung nyanghareupan nasibna. Ari galur bagian II, ngalukiskeun manusa nu tumamprak kana nasibna, tumarima baé. Konsép hirup manusa nu jadi udaganana jadi ajeg deui, jadi jalma nu sawawa, mateng, sarta jadi saurang manusa nu lebéw wawanén geusan nyanghereupan, dojaan dina mangsa nu baris kadongkangna.

Hubungan antara bagian-bagian galur nya éta hubungan sabab-musabab, hubungan numutkeun logika. Antara bagian I jeung bagian II dipisahkeun ku peristiwa geringna Néng Eha. Antara bagian I jeung geringna Eha lain ka dinya maksudna. Tapi antara peristiwa geringna Eha jeung bagian II anu nuduhkeun hubungan sabab-musabab téh. Bisa saja peristiwa geringna Eha téh ngahaja ku Pangéran dijieun minangka medium pikeun misahkeun éta dua bagian galur pikeun nyiptakeun suasan anyar. Nu éstuna, bisa baé éta carita téh dituntaskeun, tapi lamun nilik tina harepan manusa mah moal sugema. Apanan harepan manusa mah najan geus ancur, keukeuh kudu bisa dioméan. Kituna téh teu mustahil jadi sabalikna.

Galur bagian I dipungkas ku tragedi, sakum. Tokoh ngalaman tikeleuh laku. Éta tragedy nu aheng téh ku pamigarang dina bagian II dibéré ajén positif. Palaku-palakuna diangkat tina pangrurumba nasibna.

Ku kituna munasabah lamunieu karya sastra téh dibéré acungan jempol. Yakin carita napak dina réalitas nu ilahar, mahing konsép nu luar biasa. Kajadian lahiriah jeung batinhiah meunang perhatian pangarang balance, harmonis, saimbang, taya cawadna. Ruang lingkup peristiwa disengker, dihisuskeun dina kahirupan Néng Eha, ti mimiti nalikeun hubungan cinta jeung Mahmud, nepika pipisahan jeung Juragan Mantri, nyata gumulungna.

c. Sawangan kana Karakterna

Saméméh ngabahas kumaha watek-watek tokoh atawa palaku dina Novél Lain Eta ieu, perlu dikahareupkeun ogé saha-saha baé nu nyandang carita. Ieu dihandap rék ditataan:

- 1) Juragan Kalipah, ramana Néng Eha, kalipah di kota Cianjur;
- 2) Istri Juragan Kalipah, ibuna Néng Eha;
- 3) Juragan Téja. Uwa Néng Eha ti Ibuna;
- 4) Néng Eha, ngaran lengkapna Nyi radén Saléha, lulusan HIS kelas genep diajar karajinan kawanitaan, disagigireun rajin ngaji,
- 5) Mahmud, murid KWS Batawi, sanggeus lulus digawé di samarang;
- 6) Wirapraja, amana Mahmud, patani kaya di Sukabumi;
- 7) Radén Bahrún, asintén klérék di kantor pos Cianjur, batur ulin Mahmud, masih saderekna;
- 8) Radén Kartakusumah, tempat Radén Bahrún ngarereb;
- 9) Juragan Mantri, carogé Néng Eha, saurang pagawé nagri, tunggal sadérék Juragan Kalipah, mukim di Kuningan;

- 10) Radén Kosim, Andjunct Commies, matuh di Bandung;
- 11) Paman jeung bibi Néng Eha di Bandung;
- 12) Ikem, lengkepna Sarikem, jongos Néng Eha;
- 13) Bi Uti, jongos Radén Kertakusumah;
- 14) Mang Okom, saurang dukun.

Dumasar perananna dina alur, tokoh utamana Novél Lain Eta, nya éta Néng Eha jeung Juragan kalipah. Dina ieu tokoh geus nyiptakeun peristiwa-peristiwa nu jadi galur carita. Sedengkeun Mahmud jeung Juragan Mantri nyicingan pungsi palaku tokoh figuran, panyundang, panglengkep, tapi ieu dua tokoh téh diperlukeun pikeun ngawangun konflik antara Néng Eha jeung Juragan Kalipah, ramana. Disabudeureun tokoh Mahmud aya ramana, Radén Kartakusumah, Bahrun jeung Bi Uti.

Radén Kosim din aieu novel, diperlukeun pikeun nyiptakeun peristiwa ancurna ahlakna Néng Eha, sarta nyicingan kadudukan minangka salasahiji alternative meunggaskeun cinta Néng Eha ka Mahmud, di sagigireun Juragan Mantri, lalaki pilihan ramana. Di dieu nu Nulis moal nyawang saban tokoh nu geus disebutan di hareup, tapi rék nyawang tina tokoh utamana baé, nya éta heng Eha jeung Juragan kalipah. Alesanana, ieu dua tokoh téh, sawangan nu nulis matak narik mun disungsi pasikepanana, méntalna. Maksud nyawang ogé hayang meunang gambaran nu tembrés kuma pasikepan éta tokoh mun ditilik dina kahirupan masarakat Sunda kiwari. Ieu hasil analisis téh kapidangkeun:

Sakumaha nau geus dituliskeun di heula, tokoh Saléha téh kungsi papancangan heula. Hal ieu miboga harti, yén ideng Eha geus miboga hak pikeun milih jeung nangtukeun bakal jodona. Tapi hakna teu kasaluyuan ku kolotna. Kalawan kapaksa saléha kudu megatkeun duriat cintana ka lalaki jeung narima pangrepok kolotna.

Lebah narima pangrepok kolotna, heng Eha ngarasa kapaksa, lantaran: (1) duriatna geus sagemblengna napel ka Mahmud, lalaki pilihanana, (2) Radén Mantri, lalaki pilihan kolotna lain babadna, boh umur boh dedeg pangadegna, katurug-turug duda nu geus reuay anakna.

Neng Saléha bisa disebutkeun kapaksa narima kahayang kolotna, lantaran mnaéhna teu nyatujuan kana karep kolotna kudu ngarepokeun dirina ka séjén lalaki, lain pilihanana. Kateupanujuan Néng Eha heunteu dikedalkeun langsung dihareupeun kolotna, tapi disidem bari ngarasula sarta nguluwut. Pangna Saléha miboga sikep kitu, lantaran upama kedal langsung atawa nolak langsung kana karep kolotna, sieun dianggap teu tuhu ka nu jadi kolot jeung ngarempak kabiasaan anu tumuwuh mangsa éta.

Nilik tina sikep Eha nu saperti kitu, bisa disebutkeun yén Saléha téh Tokoh wanoja anu dina enggoning ngudag hakna ngalawan ku sikep anu pasif-réaktif. Hal ieu bisa tembrés pisan katiténan tina sikep jeung polah Néng Eha dina mangsa rarabi.

Saléha téh tokoh wanoja anu dina mangsa rarabina teu bageur. Saléha ngalakukeun pista, nyéléwéng, kakaburan jeung

midua hate. Alesan pangna Néng Eha kitu téh bisa jadi lantaran: (1) lalaki nu mihikumna lain pilihanana, tapi pangrepok kolotna, (2) mangrupa protés kana sikep kolotna, (3) nétélakeun, yén Néng Eha téh hiji wanoja anu jeung satia kana hakna.

Jadi sual pista, nyéléwéng, jeung kakaburan Néng Eha téh mangrupa usaha geusan ngabébaskeun jeung ngudag hakna anu satuluyna hayang ngayakinkeun, yén dirina téh wanoja anu satia jeung tigin kana jangjina ka hiji lalaki, Mahmud. Tina peristiwa "kumpul kebona" Néng Eha jeung Rd. Kosim upama ninggal kasang tukangna mah sabenerna mangrupa hiji akibat peunggasna harepan Neng Eha, lantaran Mahmud. Tina peristiwa "kumpul kebona" Neng Eha Rd. Kosim .saleha kudu ngalaman gering nepi ka manehna diopname di rumah sakit. Bisa jadi, ha lieu the mangrupa akibat tina komplikasi tatuna batin nu karandapan ku dirina. Ragotna perang antara harepan jeung kanyataan ,antara batal jeung haram nu nyangkaruk dina dadana, saleha teu kuat ngungkulanana .Balukarna gering ripuh.

Dina mangsa sanggeus rarabi (pepegatana) Eha jadi randa anu narima titis tulis bagja dirina, sadrah, tumarima, wekel, babalik piker sarta pertobat tina sugri kasalahan. Ka gusti yang widi. Kacindekanana, Neng Eha the took wanoja anu hayang ngudag hak jeung martahatna, bari poho kana bebeneran. Atuh mun enya mah saleha awewe bageur, cageur meal kungsi ngalampahkeun kalakuan teu uni, nirca kasalaki. Kuat ka manakaburkeun. Najan kitu tetep saleha the gambaran

wanoja nu satia kana janjina, nengkuh pamadeganan, bari teu kendat bisa nyaliksik dirina, tawekal, babalik piker.

Deui-deui, juragan kalipah geus mintonkeun kaayaan kolot nu teu hasi ngadidik nu jadi anak. Kolot nu muja-muja kana harta, kadudukan, bari poho kana tanggungan dirina sorangan, poho kana konsép agama nu ku manéhna diulik yén, jodo pati, bagja cilaka ditangtukeun ku pangeran. Munasabah kituna téh, Juragan Kalipah disebut kolot nu teu nyaah ka anak, ngalapurkeun anak, bari manéhna sorangan ti gebrus dina sagara kawiwirangan jeung kanalangsaaan.

d.Sawangan kana latar

Peristiwa ti mimiti bobogohan nepi ka dirépokeun kawina Neng Eha, lumangsung dikota Cianjur. Sababaraha bulan saprak kawin, kajadian téh lumangsung di Kuningan, saterusna lumangsung deui di Ciajur. Di dieu pangarang teu loba ngagambarkeun latar. Nu bisa katataan diantarana:

- Imah

Ngeunaan imah Juragan Kalipah sok disebut dapur, émpér tukang (kaca 3), imah (kaca 28), tapi teu dibéré gambaran kaayaanana. Gambaran imah aya dina waktu ngalukiskeun suasana kawinna Néng Eha (kaca 41). Latara imah disebut dieu basa Néng Eha kaluar ti rumah sakit, balik ka Cianjur (kaca 75). Latar imah séjénna nya éta imah Juragan Teja, tempat Néng Eha mangihan Mahmud; imah Radén Kartakusumah, tempat Mahmud ngarereb; imah Juragan Mantri di Kuningan,

tempat Néng Eha ngaimah tangga; imah Mang Ikom, tempat Eha ménta pitulung sangkan dipegat ku salakina; imah paman jeung bibi Néng Eha di Bandung nalika kabur; jeung imah Rd. Kosim, tempat nyumputna Néng Eha. Sakumna tempat kajadian téh ngan ditataan baé, heunteu dibéré gambaran kumaha kaayaanana.

- Alam sabudeureuna

Sok disebut-sebut jalan-jalan jeung took-toko di kota Cianjur nu kaliwatan ku Néng Eha basa balanja, stasion basa Néng Eha indit jeung salakina ka Kuningan. Iwal éta, disebut-sebut ogé ngaran kota nu kaliwatan ku Néng Eha nalika kabur ti Kuningan, Kadipatén, Cirebon, Bandung, jeung Cianjur. Suasana raména kota Bandung disabit-sabit dina kaca 57, took, jalan-jalan nu kaliwatan ku Néng Eha, taman tempat istirahat Néng Eha ditétélakeun dina kaca 59, pon kitu rumah sakit disebutkeun dina kaca 77.

Lamun latar tempat ku pangarang téh: digambarkeun sanajan teu kungsi dilukiskeun nepi ka tembres, dina latar waktu mah sabalikna. Gambaran waktu kasungsi téh teu atra. Misilna waé saperti nu kapanggih dina kaca 27, anu unggelna”saterusna angger heuleut dua minggu Mahmud jeung Den Bahrin silih suratana”. Heuleut dua minggu téh ti iraha, bulan naon, jeung saterusna-saterusna, di dieu teu jinek. Hari jeung teu puguh taun-tauna éta kajadian, tapi dina gambaran palaku jeung suasana, bisa dincer-ancer waktu nu dilukiskeun dina éta novel, nya éta dina abad ka-20 saméméh Perang Dunya

II, anu dicirian ku datangna kahirupan modern saperti sakola, kantor pos, bioskop, alat potret, karéta api. Néng Eha kaluaran HIS kelas 6, Mahmud lulusan KWS Betawi anu satuluyna jadi arsiték di Semarang. Radén Bahrún asistén klerék di kantor pos, Radén Kosim adjunct commies di Bandung.

e. Sawangan kana Tema

poko pasualan nu dijadikeun dasar tina Novél Lain Eta ieu, nya éta masalah perkawinan. Dina ieu pokok nu dipasualkeun téh katangar ayana hal-hal nu sipatna jasmani, rohani, sosial, jeung katuhanan. Lantaran éta pisan, dina ieu novel ogé miboga téma nu raket patalina jeung hal-hal sarupa kitu. Ieu novel ngungkabkeun, yén hiji perkawinan atawa kahirupan rumah tangga moal méré kabagjaan lamun teu nyumpon sarat-saratna. Sarat-sarat nu dimaksud téh bisa dibédakeun dumasar sarat ménta jeung sarat liana, anu dina ieu novel disebutkeun, nya éta katurunan, kaagamaan, harta, jeung kapangkatan atawa kalungguhan.

Antara Eha jeung Mahmud kaiket téh ngan ku hubungan cinta nu individual. Duriat éta dua rumaja téh teu kalaksanakeun nepi ka kawin, lantaran Mahmud teu nyumponan sarat katurunan. Bisa jadi, sarat-sarat séjéna ku Mahmud geus bisa kacumponan, tapi kakawasaan mutlak tetep aya di Juragan Kalipah, boga hak pikeun nangtukeun pilihanna; sanajan kudu dipungkas, ditungtungan ku kagagalan.

Juragan Mantri anu nurutkeun Juragan Kalipah nyumponan sarat kabangsaan, kaagamaan, harta, jeung

kapangkatan, ku sabab heunteu nyumponan sarat saling micinta ahirna gagal meruhkeun Néng Eha.

Upama kit uterus, naha aya alternative séjén pikeun ngahontal éta kabagjaan? Misilna kasugemaan jasmani anu didadasaran tempat, rasa cinta, nu bébas tanpa merhatikeun norma, ka masarakatan atawa kaagamaan? Eta pilihan téh dicoba ku Néng Eha hirup bareng jeung Rd. Kosim. Sacra jasmani mémang geus kacumpona kabéh harepan téh. Tapi angger keur néng eha teu kacumponan kabagjaanan, sabab kahirupan sarupa kitu heunteu ditarima ku norma masarakatna, balukarna ku masarakat pada ngajauhan, lamun téa mah kitu, teu cukup ku sarat individual waé, tapi kudu cumpon sarat sosial jeung sarat kaagamaannana.

Jadi, téma nu disodorkeun ku pangarang dina Novel Lain Eta sacra rinci bisa dirumuskeun kieu, yén perkawinan atawa imah tangga moal méré kabagjaan lamun sarat-saratna, anu sipatna individual, jasmaniah, rohaniah, sosial, jeung kaagamaan teu kacumponan.

f. Sawangan kana Suasana

suasana nu ngajiwaan Novél lain Eta ieu, béda-béda dina saban-saban babagian carita, munculna suasana anu béda-béda sarupa kitu téh balukar tungtutan tokoh, téma, gaya, latar, galur jeung plot, sarta sudut pandang penceritana. Tapi sanajan kitu, dina intina mah ngebréhkeun rasa émosi tunggal tokohna.

Juragan Kalipah resep ngumbar amarah, ngotot dina pamadeganana. Éta hal téh katiténan dina waktu ngawangkong

jeung istrina basa ngabadamikeun kumaha pihadéunana keur Néng Eha. (Juragan Kalipah merengut, saurna, Engkang téh lain rék ménta digelendeng, rék ngajak badami.”). nyi Emot, istri Juragan Kalipah teu bina ti carogéna, barbarian kahudang émosina, nembongkeun kateupanujuan kana sikep Juragan Kalipah. Bari sinis mitutur, “Taeun aceuk, kahayang rai mah, kajeun teuing santri budug, dapon Radén”.

Suasana gumbira gé geus kagambar dina éta novel téh. Dialog-dialog antara Néng Eha jeung Ikem méré bukti hiji suasana seger gumbira.

Pribadi Rd.Kosim kalukiskeun dina dialog-dialog basa papanggih jeung Eha dina hiji peuting. Tina obrolan dua rumaja téh kabayangkeun kaluguan Néng Eha dina nyanghareupan lalaki irung belang.

Perkara tokoh séjénna, saperti Mahmud jeung Juragan Mantri, taa bédana jeung tokoh-tokoh Juragan kalipah, Eha, jeung Nyi kalipah, nya éta ngemu perasaan atawa émosi nu taya géséh pisan.

g. Sawangan kana Gaya

pemberian, gambaran tokoh nu dilakukeun ku pangarang dina ieu novel tembrés pisan. Rengakna Néng Eha leumpang, kaayaan warugana, kaén jeung baju nu dipakéna, gelungna (kaca 3) kalawan panénjo jeung perasaanana nu kaimpleng ku pangarang ditetek teu kaliwat. Kaayaan Mahmud teu kaliwat ti mimiti narima surat ti Néng Eha nepi ka panganggona kalawan lancar ku pangarang digambarkeun

kuredas. Juragan Mantri pon kitu deui teu leupas tina kamérana. Yakin pangarang téh kalawan rintih, teu ceplek Pahang mun kitu téh disebut pangarang anu realism. Réalisme dina ngagambarkeun hiji kaayaan bari taya pisan cawadna. Ieu pisan nu matak ngirut téh, atuda enya Ambri mah dina ngalukiskeun hiji hal téh, lengkep jeung kasang tukangna.

Makéna basa murwa galurna, titih ati-ati, matri kana jajantung. Dialog-dialog tokohna éstu matak seger, teu cawérang. Bisa jadi kituna téh sabab Ambri mah hayang ngagambarkeun hiji hal anu enya-nya bisa jeung saolah-olah kaalaman ku nu macana.

Konsép Ambri nu dikamallirkeun dina Novél Lain Eta, éstuning tetekon hirup nu mundel. Ambri geus hasil ngajiret sangkan nu maca milih sedih, milu gumbira, manglebarkeun, jeung réa-réa deui. Enyaan upama Ambri disebut pangarang; wijaksana téh, apanan nyajikeun carita gé Ambri mah maké topik Lain Eta heunteu Tah Eta. Ieu hiji tanda, yén Ambri hayangngadidik masarakatna. Gaya realism Ambri geus kamallirkeun dina ieu karya.

h. Sawangan kana Sudut pandang nu nyarita

kalwan gayana. Nu has, Ambri geus bisa ngajenggelekeun angen-angenna nu hayang kabaca, kakoréh saripatina ku nu daék macana. Ambri binangkit pisan nyieun dialog-dialog nu seger, teu matak pikabosenen, réalitas, mahing hal-hal anu teu asup akal.

Ana kitu Ambri geus nginjeum tokoh jadi jalma katilu, Ambri salaku pangarangna sorangan nyicingan kalungguhan nu angger salaku the omniscient novelist, teu réa méré komentar langsung. Pangarang nyajikeun tingkah laku jeung dialog, sarta ngalukiskeun kaayaan sacara dramatic (objéktif). Ku lantaran kitu, munasabah mun Ambri tetep cicing tina pola juru kaméra, teu ancrub kana carita.

F. APRESIASI DRAMA

1. wangenan Drama

Nurutkeun étimologina, kecap drama téh asalna tina basa Yunani, nya éta tina kecap drama anu hartina “gerak” (Asmara, 1979:9). Tina éta kecap, bisa ditapsirkeun yén drama téh karya sastra anu ngutamakeun gerak jeung tingkah laku. Saupama euweuh gerak, heunteu bisa disebut drama, lantaran unggal-unggal karangan atawa naskah drama miharep ayana gerak atawa réngkak paripolah anu ngagambarkeun kahirupan manusa.

Luyu jeung keterangan di luhur, Rusyana (1982:3) netelakeun cirri-ciri karangan drama anu unina, “Karangan drama isinya memaparkan percakapan dan perilaku. Dari percakapan dan perilaku itu tersusun suatu cerita, perwatakan, dan suatu cerita. Karangan drama biasanya disuse untuk dipertunjukan”. Keterangan sejenna ngeunaan drama. Nya eta carita anu ngadung tema tangtu, diebrehkeun make dialog jeung rengkak paripolah palakuna (Sumardjo & Saini K. M. 1986:31).

4. Sejarah kamekaran drama

Dina kahirupan masyarakat (sunda) geus nyampak seni anu geus lila tumuwuh sarta hirup ti generasi ka generasi; nu mangrupa seni pintonan, diantaranya bae longser. Dina kamekaran nu saterusna, wangun pintonan dirarobah jadi hiji seni pintonan anu dilarepkeun kana wangun sandiwara rakyat. Jejer caritana biasana dicokot tina carita-carita buhun anu geus nyampak di masyarakat, upamana bae sarita pantun jeung dongeng, saperti “Lutung Kasarung“, “Mundinglaya Dikusuma“, jeung “Si Kabayan“.

Naskah drama nu munggaran aya di Tatar Sunda, dipikawanoh bareng jeung ayana lakon nu katelah Gending Karasmen. Gending Karasmen mimiti dipikawanoh ku masyarakat sunda kira-kira taun dua puluhan, sanggeus masyarakat wanoh kana Opera Barat Komedi Istambul. Iye luyu jeung pamanggih Rusyana (1992 : 147) anu ngeceskeun yen gelarna sandiwara di urang saentragan jeung Komedi Istambul dina basa melayu (gelar dina awal abad ka-20) jeung ketoprak jawa. Bareng jeung gelarna sandiwara, gelar deui Gending Karasmen.

Satuluyna drama teh model Gending Karasmen leuwih mekar, kabuktian ku ayana para pangarang gending karasmen saperti R. Mahyar Anggakusumadinata, R. Memed Sastrapradiprawira, jeung M.A. Salman.

Ku ayana rombongan Dardanela nu mawa pangaruh kesenian teaterikal barat dina abad ka-19, nepungkeun aliaran teater barat jeung aliran teater tradisi nu nyampak di masyarakat Indonesia, kaasup kana kasenian nu anyar di tatar sunda. Naskah drama asup kana bagian kagiatan teaterikal di tatar sunda (Jawa Barat) ku alpukahna R.T.A Sunarya nu nyiptakeun Gending Karasmen Lutung Kasarung, dumasar kana carita pantun; R. Memed Sastrahadiprawira nyieun “Kindran Kamasan“ anu diuwuh ku sajak, jeung sangkuriang nu direka Utuy Tatang Sontani.

Mimiti dipagelarkeun Gending Karasmen nya eta taun 1923 sakumaha anu ditetelakeun ku Isakandarwassid (2003 : 61) nu ngeceskeun yen dina taun 1923 Raden Kartabrata magelarkeun carita “Lutung Kasarung“ dina wangun Gending Karasmen.

Naskah-naskah drama sejena dina wangun gending karasmen diantaranya eta : “Sangkuriang“, beunang R.T.A Sunarya, “Mundinglaya Dikusuma“, “Inten Dewata“, “Galunggung Ngadeg Tumenggung“, jeung “Nyi Rambut Kasih“, beunang Wahyu Wibisana; “Si Kbayang Balangantrang“ beunang Wahyu Wibisana jeung Koko Koswara: “Leuwi Sipatahunan“ jeung “Saija jeung Adinda“, “sarta Sri Baduga Maharaja” beunang R.A.F jeung Koko Koswara; sarta “Lutung Kasarung“ beunang Sayudi.

Dina kamekaran saterusna, lahir anu disebut drama modern dina taun 1950-an, wangunna lancar, nu dialpukahan ku Utuy Tatang Sontani nu nulis drama tilu babak “Sangkuriang-Dayang Sumbi“ (1953) anu satuluyna dirobah jadi “Sangkuriang” (1955). Karya-karya drama sejena nu disebut modern diantarana bae nyaeta “Dakwaan“, “Babat“ jeung “Jalan Leumpang” beunang R.T.F ; “Dua Utusan“, “Suling jeung Peuting“, “Tina Jandela“, “Bawa Kuring ka Ciawang“, beunang Wahyu Wibisana; “Hutbah Munggaran di Pajajaran“ beunang Yus Rusyana; “Nu Mulang“ jeung “Kanyaah Indung“ beunang Min Resmana; “Masitoh“ beunang Ajip Rosyidi; “Bandung Lautan Api“ beunang Rukasah S.W; jrrd. Najan sok kapangaruhan ku sastra Indonesia, malayu malah asing, tapi dina ngagelarkeunnana mah tara leupas tina tradisi sastra jeung budaya sunda.

5. Bagbagan Drama

Drama teh dipasing-pasing dumasar kana (1) cara mintonkeunana, (2) sipatna, (3) babagian drama jeung (4) unsur-unsur drama

3.1 Dumasar Cara Mintonkeunana

Dumasar kana cara mintonkeunana, drama teh kabagi kana opat bagian, nya eta drama rakyat, drama modern, drama klasik, jeung gending karasmen.

d. Drama Rakyat

Drama rakyat nyaeta drama nu asalna ti rakyat sarta tumuwuh dikalangan rakyat, biasana aya jeung dipake dina kagiatan atawa upacara-upacara nu sipatna tradisi. Ieu hal luyu jeung sakumaha anu ditetelakeun ku Sudjiman (1990 : 23) yen anu dimaksud drama rakyat teh nyaeta kagiatan *dramatik* anu dilakukeun ku masyarakat dina rupa-rupa upacara sosial kaagamaan; drama anu asal sarta tumuwuh di kalangan masyarakat. Contona : longser.

e. Drama Modern

Drama modern teh biasana sok disebut tunil atawa sandiwara, disebut drama modern kusabab dina pagelarana geus aya jarak antara nu lalajo jeung nu maen (panggung, make-up, dialog), sarta aya naskah (teks). Contona drama : drama tilu babak “Sangkuriang-Dayang Sumbi“ beunang Utuy Tatang Sontani (1953), “ Masitoh “ beunang Ajip Rosidi, jrrd.

f. Drama Klasik

Drama Klasik nya eta drama carita anu medar caritana ngeunaan kahirupan dewa-dewi (Yunani). Contona : Naskah drama “The Legend of Yunani“ karya William Sheksphere.

g. Gending Karasmen

Gending Karasmen sok biasa disebut drama swara, nya eta carita nu dialogna dina wangun kawih, dipirig ku waditra (Iskandarwassid, 2003 : 6) sedengkeun Rusyana (1992 : 145) ngeceskeun, nu disebut gending karasmen teh nya eta drama anu pagunemanana ditembangkeun. Dina Kamus Umum Basa Sunda LBSS (1995 : 144) disebutkeun yen gending karasmen nya eta sandiwara ku tembang atawa leuwih dipirig ku gamelan, opera. Contona : “Sangkuriang“, beunang R.T.A. Sunarya, “Nyi Rambut Kasih“ beunang Wahyu Wibisana, “Lutung Kasarung“ beunang Sayudi, jrrd.

Nilik kana pamedegan di luhur, bisa dicindekeun yen gending karasmen bias disebut drama swara atawa sandiwara anu dialog-dialogna dina wangun kawih atawa tembang sarta dipirig ku waditra (Gamlean).

5.2 Dumasar kana sipatna

Sipat drama bias dipilah-pilah. Sakumaha anu ditetelakeun ku Tarigan (1993 : 82) yen sipat drama kabagi kana opat jenis, nya eta tragedi, komedi, melodrama, jeung farce.

a. Tragedi

Tragedi nya eta drama anu pinuh ku hal-hal anu pikasediheun, katunggaran, alatan ku teu biasa ngalawan nasib (Asmara, 1979 : 50), sedengkeun Sudjiman (1990 : 15) ngeceskeun tragedi teh nya eta :

“.....cerita yang meluluskan pertentangan diantara pragonis dengan kekuatan yang luar biasa, yang berakhir dengan keputusan atau kehancuran sang pragonis.....drama yang menampilkan tokoh yang sedih dan muram yang terlibat dalam situasi gawat karena sesuatu yang tak menguntungkan, keadaan ini mengantarkan tokoh

kepada keputusan dan kehancuran yang luar biasa yang berakhir dengan malapetaka atau kesedihan.,”

Iskandarwassid (2003 : 163) nyebutkeun yen istilah tragedi mindeng digunakeun dina ulikan sastra, utamana dina (carita) drama. Midangkeun adegan-adegan penting tur serius anu ngabulakarkeun carita (asoy, kamaya, sedih, jste.) keur palaku utama (pragonis); ku lantaran nasib, kalemahan moral tokoh atawa teu kuat nahan paneka masyarakat. Dumasar kana pamadegan-pamadegan di luhur, jadi nu di sedut (drama) tragedi teh nya eta carita (drama) anu enas-enasna mah nyaritakeun hal-hal anu pikasediheun nu kaalaman ku palaku utama ku sabab nasib anu mihak ka manehna.

b. Komedi

Komedi teh nya eta drama atawa carita anu pungkasma kabagjaan keur palaku utama atawa temana henteu tragism rupa-rupa pagelaran anu ngolah humor sarta dipungkas ku kabagjaan palaku utama (Iskandarwassid 2003 : 64)

Pamadegan Asmara (1979 : 500) ngeceskeun yen komedi teh nya eta drama anu pinuh kupikseurieun sarta dipungkas ku kagumbiraan atawa hiji pananya ka nu lalajo. Sedengkeun pamanggih Sudjiman (1990 : 23) netelakeun yen disebut komedi teh nya eta “lakon ringan yang sipatnya menghibur, walaupun secara keseluruhan dalam ceritanya ada sindiran, dan berakhir dengan kegembiraan.“

Mun dicindekeun anu disebut drama komedi teh nya eta carita (drama) nu pinuh ku hal-hal pikaseurieun (sabalikna tina trgedi), ngahibur, jero pagunemana biasa mangrupa sindir sampir, sarta ahir caritana pikabungaheun.

c. Melodrama

Melodrama nya eta drama anu rea ngolah konflik batin, rea ngolah anu ngagambarkeun gerakna lautan rasa (Iskandarwassid 2003 : 82). Melodrama mangrupa lakon atawa sentimental ngegeterkeun jajantung sarta pikasediheun ku sabab ngagarap alur jeung kalakuan anu kaleuleuwehi, sedengkeun penokohanana kurang diperhatikeun. Melodrama disa disebut oge sandiwara sedih.

d. Farce

Farce nya eta carita (drama) anu caritana leuwih nyoko kana alur caritaan tinimbang kana penokohan atawa kana karakteristik, sarta caritana pikalucueunana kaleuleuwihi atawa sangeunahna. Nurutkeun Jhon jeung Hasan (1990 : 223), *farce adalah pertunjukan jenaka, sandiwara pelawak/lelucon.*

5.3 Babagian drama

Babagian drama anu raket jeung drama dina wangun pintonan nya eta babak, adegan, prolog,dialog,pasemon jeung epilog.

a. Babak

Babak nya eta bagian tina drama anu ngarangkum sakabeh kajadian lumangsung dina hiji tempat dina urutan waktu nu tangtu; gabungan atawa kumpulan tina sababaraha adegan dina hiji drama (Eneste, 1994 : 18).

Pamadegan anu sarua ditepikeun ku Sumardjo jeung Saini (1988 : 136) yen babak nya eta ngarangkum sakabeh kajadian nu lumangsung di hiji tempat tina urutan waktu nu tangtu. Sedengkeun nurutkeun Sudjiman (1990 : 11) nu disebut babak nya eta bagian tina drama atawa lakon.

b. Adegan

Adegan nya eta tempat lumangsungna hiji kajadian, nu mangrupa bagian tina babak dina drama nu ngahasilkeun hiji pasualan atawa hiji akibat nu tangtu (Sudjiman, 1990 : 2)

Pamedegan nu sarua ditetelakeun ku Sumardjo jeung Saini (1988 : 136) yen anu disebut adegan teh nya eta bagian tina babak anu watesana ditangtukeun ku robahna kajadian anu patali jeung dating atawa inditna saurang palaku carita kaluar panggung.

Eneste (1994 : 13) netelakeun yen anu disebut adegan nya eta bagian tina babak dina drama, anu watesana ditangtukeun ku robahna kajadian kusabab datangna saurang atawa sababaraha urang palaku carita dina panggung, atawa inditna saurang atwa sababaraha urang palaku carita dina panggung.

Iskandarwassid (2003 : 17) netelekeun yen ciri atawa tanda ganti adegan nya eta lamén ganti jejer paguneman, biasa jadi lantaran asup palaku sejen atawa aya kajadian sejen, tapi henteu ganti tempat, henteu aya watu pegat, sarta henteu ganti episode.

c. Prolog

Dina naskah drama teu sakabeuh naskah aya prolog. Upama ditilik, prolog mibanda mangpaat mangrupa salah sahiji sarana anu aya gunana pikeun nu lalajo atawa anu maca (sastra) sangkan menang gambaran ngeunaan masalah, gagasan (ide), amanat pangarang, jalan atawa galur carita, kasan tukang, palaku-palaku nu makalangan, jsté. Makdsudna pikeun mantuan nu maca atawa nu lalajo dina nyangkem atawa neleman karya. Ieu hal luyu jeung anu ditetelakeun ku Sumardjo jeung Saini (1988 : 138) prolog nya eta bubuka tina bagian naskah, mangrupa panganteur naskah anu eusina bisa atawa

sababaraha katerangan atawa pamadegan pangarang ngeunaan carita nu rek ditepikeun.

Sudjiman (1990 : 63) ngeceskeun yen nu disebut prolog teh nya eta “ pembukaan atau permulaan yang mengantarkan karya sastra dan yang merupakan bagian karya sastra tersebut, prolog dahulu sering terdapat baik dalam drama maupun roman.”

Prolog teh ditulisna dina awal drama, jadi manggala sastra, di eusi ku katerangan atawa pamanggih pangarang ngeunaan lalakon anu baris disuguhkeun (Rusyana, 1992 : 139).

d. Dialog

Bagian nu kacida pentingna, sarta sacara lahiriah ngabedakeun antara sastra drama jeung fiksi liana nya eta dialog. Ieu hal luyu jeung nu ditetelakeun ku Hartoko (1992 : 128) yen dialog-dialog mangrupa bagian tina naskah nu mangrupa paguneman antara hiji palaku jeung palaku nu sejenna. Sakumaha nu dieceskeun ku Iskandarwassid (2003 : 99) yen istilah dialog nya eta paguneman nu ngandung harti omongan soal jawab nu keur carita, antara dua jelema atawa leuwih. Carita bisa dirakit dina wangun paguneman sagemblengna nya eta dina carita drama.

Numutkeun Sudjiman (1990 : 20) nyebutkeun nu disebut dialog teh nya eta paguneman dina karya sastra dua jelema atawa leuwih, pikeun ngungkabkeun wateuk jeung pikeun ngalancarkeun carita. Dina dialog kagambar lahirna pamikiran atawa pamadegan.

Nurutkeun Rusyana (1992 : 20) yen nu dimaksud paguneman teh kalimat langsung para palaku anu silih tempat. Mimiti ditulis ngaran palaku, ti

dinya ditulis omongan eta palaku. Gegedena tina karangan drama mah nya eta paguneman. Tegesna paguneman teh mangrupa lulugu tina karangan drama.

e. Pasemon

Pesemon, semu atawa paroman nya eta gambaran rasa hate dina beungeut (LBSS 1995 : 4680). Numutkeun Asmara (1979 : 49) nyebutkeun pasemon atawa mimik nya eta ekspresi robahna beungeut pikeun mere gambaran emosi anu kaalaman ku palaku.

f. Epilog

Epilog sabalikna tina prolog. Prolog ditempatkeuna di hareup nu mangrupa bubuka naskah, sedengkeun epilog ditempatkeun di tukang, mangrupa panutup. Eusina biasana kacindekan pangarang ngeunaan carita ; aya oge nu ditambahan ku wejangan atawa amanat. Malahan aya epilog nu duwuwuhan ku panuhun pangarang jeung para pamaen ka nu lalajo. Saluyu jeung anu ditetelakeun ku Sudjiman (1990 : 28) yen epilog teh nya eta bagian panutup anu di tambahan kana hiji karya sastra. Fungsina nepikeun inti sari carita atawa napsirkeun eta karya.

Rusyana (1992 : 139) sarua netelakeun yen epilog di tulis tina panutup drama, dieusi ku kacindekan lalakon atawa nasehat.

2. Unsur-unsur Drama

Unsur drama téh kabagi kana sababarah bagian, anu diantarana nya éta: téma, penokohan, latar, alur, amanat (Hasanuddin, 1996:76-104).

a. Tema

Téma dina drama, umumna teu jauh bédana jeung téma dina puisi atawa prosa fiksi, nya éta poko pikiran anu dikandung ku eusi carita. Patali jeung eusi carita atawa lalakon drama, anu bisa jadi aya patalina jeung téma, aya anu disebut drama komédi, drama tragedi, jeung melodrama. Salian ti éta, téma ogé bisa mangrupa pasualan nu diungkapkeun dina hiji ciptasastra (Esten, 1993:22). Iskandarwasid (2003:162) nétélakeun sacara gemet yén téma téh nya éta inti tangtungan atawa inti ageman anu sipatna abstrak, dipageuhan dina racikan karangan rékaan pikeun ngayakinkeun anu maca; bisa jadi ku pangarang ditembrakkeun (ditulis). Tapi mimindengna mah implicit. Téma téh jadi pameungkeut sagemblengna carita. Atawa, muncul tina carita sagemblengan.

b. Palaku

palaku atawa “penokohan” dina drama téh nya éta ngaran-ngaran jelema katut pasipatan anu ngalakukeun dina carita drama, palaku téh biasana disebutkeun dina bagian awal naskah drama, anu heunteu kaasup kana lalakon. Di dinya diterangkeun sahasaha waé anti ngaalalakon téh: ngaranna, umurna, pacabakanana, pancakakina, katut hubunganna jeung palaku liana. Patali jeung kalungguhanana dina carita, palaku téh bisa dibagi jad tilu rupa, nya éta palaku utama, palaku pangbantu, jeung palaku panambah. Unggal palaku mibanda karakter atawa pasipatan séwang-séwangan. Dina drama, karakter atawa pasipatan palaku téh diebrehkeun karakter si palaku seperti papakeun. Dina naskah

drama, unsur “penokohan” mangrupaaspek nu kawilung, lantaran tina aspek ieu pisan aspék-aspék anu lian bisa mekar, unsur “penokohan” dina naskah drama mah leuwih jéntré diungkapkeunana saupama dibandingkeun jeung dina fiksi (Esten, 1993:76). Sistem ngaran palaku dina teks-teks fiksionalitas mangrupa subsistem tina sistem-sistem séjén anu leuwih gede (Junus dina Hasanuddin, 1996:78).

c. Latar

Latar téh kabagi kana tilu rupa nya éta latar tempat, latar waktu jeung latar sosial. Latar tempat nuduhkeun di mana éta tempat kajadian téh lumangsungna. Dina bagian anu disebut pituduh panggung (stage direction). éta bagian téh nerangkeun kaayaan panggung; latarna kumaha. Paripolah palaku, jeung ngatur kaluar-asupna palaku. Malah sakapeung mah papakéan palaku ogé ditataan dina éta bagian téh. Ari anu nétélakeun latar, biasana aya dina awal babak anyar atawa adegan anyar. Latar mangrupa idéntitas pasualan drama salaku karya fiksionalitas anu ditémbongkeun saliwat ku palaku jeung alur. Saupama pasualan dina drama geus katitén tina alur atawa “penokohan”, latar boga fungsi ngajéntrékeun tempat jeung waktu hiji kajadian. Salian ti éta, latar boga fungsi salaku alat pikeun ngaidéntifikasi pasualan naskah drama keur anu maca (hasanuddin, 1996:94).

d. Alur

Alur, galur, atawa plot téh nya éta rakitan rupaning kajadian nepi ka mgawujud jadi leunjeuran carita. Dina seuhseuhanana

mah alur drama téh teu béda jeung alur carita dina carita fiksi séjéna. Ngan biasana dina drama mah anu maca atawa nu lalajo téh teu langsung “digebruskeun” kana pasualan. Ari tempat jeung waktu katut para palakuna, biasana diwanohkeun leuwih tiheula dina prolog, anu aya diluar lalakon. Salaku rangkay tina hiji kajadian alur téh kudu mertélakeun hiji anu kausalitas sabab alur nu hade téh nya éta naskah drama (hasanuddin, 1996:90).

Karakteristik alur drama kabagi kana dua nya éta alur konvénsional jeung alur non konvénsional. Alur konvénsional nya éta saupama hiji kajadian anu ditémbongkeun tiheula pasti jadi hiji balukar pikeun kajadian satuluyna atawa hiji kajadian nu aya di tungtung téh mangrupa hiji balukar tina hiji kajadian nu aya di awal. Sedengkeun alur konvénsional nya éta alur anu dieangun dumasar kana runtuyan kajadian anu teu ngéntép seureuh. Tapi sok sanajan kitu lain hartina alur konvénsional teu ngabogaan aturan nu tangtu, saupama ditilik saliwat mah alur konvénsional téh siga nu teu tangtu tapi saupama ditilik leuwih jero wangun alur siga kieu téh di jerona mah ngéntép seureuh.

d. Amanat

Amanat téh nya éta pesen anu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca. Réréana amanat dina drama téh nyamuni di satukangeun alur carita. Urang bakal nyaho atawa bisa nangkep amanatna sanggeus réngsé maca, atawa lalajo pintonanana.

3. Aprésiasi Drama

WAWUH NGAILAN TUMBUH RUPA

(DRAMA LIMA BABAK)

Nu katjaturkeun

1. Modjang.
2. Nonoman.
3. Kuring.
4. Rokajah, urut murid kuring.
5. Sunaryi, urut murid kuring.
6. Djuruladen karéta-makan.

Panggung lalakon :

Kelas 2 karéta api Expres Djakarta-Bandung.

Babak 1

Bari rurusuhan, geblus kuring abus ka kelas 2. Teu alak-ilik heula, gék baé diuk sabada neundeun koper leutik di luhureun pangdiukan. Ari gék, ari léong karéta madju. Bis baé katinggaleun, mangkaning peutingna kudu biantara dina kongrés Basa Sunda di Bandung. Mun seug katinggaleun karéta téh, leuh!

Geus liwat Kamajoran, kakara katangen, jén nu dariuk hareupeun modjang geulis pisan, saurang deui nonoman ginding, tapi teu sari. Aja tjileung guminter.

Kawas rada mustari indit-inditan téh, sabab geus liwat Djatinagara téh tempat réa kénéh nu lowong, malah gigireun

kuring ogé teu aja nu ngadiukan, djadi ngareunah, teu heurin. Duka sugan duméh di kelas dua baé, kitu.

Modjang djeung nonoman téa bangun gumbira pisan ngawangkong, siga nu sakaresep. Ari ngaromongna, malum dina karéta api, sora téh réa nu ratjleng arasup kana tjeuli kuring. Rupa-rupa nu diomongkeun mah. Ari kuring, rumasa geus djadi aki, bisi nu ngarora “kagokeun” atawa éraeun, pura-pura nundutan baé, tenopénan.

Ti lebah Karawang, kadéngé njaritakeun bab Kongrés Basa Sunda djeung Kasusastraan, malah sidik isan njabit-njabit ngan ngaran kuring, M.A. Salmun, djeung buku kuring nu pangajarna ”Gogoda Ka nu Ngora”.

Modjang : “ hayang ka nu ngarangna, pantesna téh geus kolot, tjetuk huis”.

Nonoman : “Ah, teu kolot teuing. Da kuring gé wawuh, malah loma. Kolot meueusan baé ti kuring mah. Kitu tah, umur 28-30 tahun.”

Modjang : “Di mana papanggih?”

Nonoman : “Meh ungagal poé di Djakarta, malah sering bareng laladjo. Karesepna téh kana film dangsa. Bangsaning Rita Hayworth, Esther Williams ataw Jane Russel djeung Marillyn Monroe tara diliwat. Kuring mah djeung Salmun téh sok, silaing-déwék” baé ari njarita téh,”

Modjang : “Tegep djelemana téh?”

Nonoman : “Ah teu tensing. Hideungna lestreng, sabrehan mah arék djiga Ambon, ngan ieu mah, asal urang bisa ngolona baé, ménta naon-naon gé teu dibéré.”

Modjang : “Untung mun kuring wawuh djeung Salmun, rék ménta dipapatahan ngarang. Ngan sugan engké peuting dina Kongrés bisa wawawuhan. Aéh, ke lanan, aja kaperluar, heula.”

Modjang indit. Ari diténjo bari mé létét pura-pura lilir, bét ka kamarleutik. Aja kahajangna meureun.

Babak II

Sidik modjang téh aja, kuring njaring enjaan bari ngadjak ngomong ka nonoman:

Kuring: “arék ka mana silaing téh , eui?”

Nonoman (bangun ambek): “ngomong ka saha andjeun téh? Siluang-silaing tjara ka nu geus loma?”

„Kuring: “Entong pura-pura teu wawuh silaing ka déwék. Apan biasana gé urang sok” silaing-déwék”, sok bareng laladio Rita Hayworth.” (Kuring ngodok pésak, némbongkeun kartu abodemen keréta api Bogor-Djakarta. Djaba ti tétéla ditulis ngaran téh, potrét ogé nembrak, moal samar, jén kuring téh M.A.Salmun).

Nonoman (raj pias bangun kasima): “pangapunten baé atuh. Abdi téh kasamaran. Dikinten ku abdi mah bapa téh babah.”

Kuring: Entong leutik hate. Bapa gé ngora heula. Hidep téh meureun keur nembongkeun “pamor” ka istri nu tadi, nja. Kaharti ku bapa gé. Saha éta téh?”

Nonoman (kesang mana téh ngutjur): “Wiharti. Sangemna mah Sastrawati.”

Kuring: “Euh, paingan magar rék ka KOngrés Basa Sunda, atuh. Ku hidep téh keur dipiloma meureun aja. Kuma karep, bap amah rék pura-pura teu kungsi njarita djeung hidep,” (kuring pura-pura nundutan deui. Wanita téa balik tit jai diuk deui di tempatna).

Wiharti, modjang téa: “Njaritakeun naon. Tadi téh, nja. Euh, éta, taeun...., Sakmun, nja...”

(Djuruladen karéta-makan njampeurkeun).

Nonoman: “Oranje-kreus, dua. Nu hidji mah sing réa és na.”

Djuruladén: “mangga”. (Terus indit baé).

Serusna modjang djeung budjang the ngawangkong, bab film, atletik, politik djeung kabeuki masmg-masmg. Unggal wiharti arek ngagilek kana urusan Sastra djeung basa, nonoman tea rikat mengkolkeunnana.

(Sabot kitu djuruladen njodorkeun inuman anu dipesen tea). Bari méletét ku kuring katéndjo, jén nonoman téa pohara gempeurna, sangkilang digojor”ku oranje –kreus –és téh késangna ngutjur baé.

Wiharta (harewos Bodjong): „ICU „babah”, ti barang tjlak di setatsion kota, nepi ka liwat sasaksaat, ku tibra molor téh kawasna sapeupeuting tas tjekih.”

Kuring méletét, katéndjo nonoman téa njiku lalaunan ka modjang. Maksudna tangtu njaram ngomongkeun kuring. Tjikkikik wiharti kadéngé seuri. Ari kuri kalah pura-pura gundam. Njaring bari kukuliatan.

Kuring : „Hajjjaaaah, tjialat,tji tjeng tun, boh kehkih.”

Wharti : „hi, hi, hi, hi, hihh.”

Nonoman : „ St, st, aeh, geus rék Padalarang.Geuning.”

Babak IV

Di Padalarang kareta euren. Dua modjang arunggh pairing –iring. Nu pandeuri ngarérét ka lebah kuring.

Modjang I : „aéh-aéh geuning bapa!” (bari ngageroan baturna ti heula) :„jajah ,jajah , ka dieugera ! leu aja Pa Salmun !

Modjang II (Rokajah) : (bari njampeurkeun) : ... Aja Pa Salmun? Aéh , bapa haturan !! Teu sareng adi Itjeu? mana ibu ?bapa angkat ka mana bapa téh ?”

Kuring : ,, Baku jajah mah , ari nanja téh ngaburudul, tara ungadago didjawab hidji –hidji. Ieu di dieu dariukna. Keun bapa mah rék nangtung. Ti Djakarta kénéh diuk baé, tjarangkeul. Tah, Nani di dieu, jajah di dinja, Bapa hudang.”
(bari nantung)

Modjang I : „sawios atuh pa, mangga baé tjaliktjalik.”

Rokajah djeung Sunarni dariuk, kuring nantung, bari ngaluarkeun wadah roko paméré urut murid, mangkaning diaksaraan baradag pisan „M. A . salmun “, ditendjo sarérét gé katara.

Wiharti anu diuk hareupeun kuring rét kana beungeut, rét kana ngaran anu diturih dina wadah roko, rét ka Rokajah djeung Sunarni, anu kadéngéun ngomong-ngomong,,Ti djaman ninggalkeun S.G.A kakara anjeuna papanggih deui. Ana burilak téh Wiharti ngadelék ka nonoman, bari kuraweud baeud, anu haseum téa bangun ambek. Tjeg kana koper leutikna, djengket indit, bari sakali deui ngadelékan ka nonoman. Teu réa omong djaba ti kukulutus:„Si Teu-Ujahan!”
Wiharti katjiri pisan, jén kaisinan ku kuring. Geus teu kaduga diuk leuwih lila di hareupeun, pasosoré pindah ka daréksi tukangeun nu éta. Ari nonoman téa? Puguh baé samar polah.
Wiwirang di kolong tjabatang. Tjeg baé deui kana koperna, pindah ka daréksi hareupeun daréksi kuring, misah ti Wiharti.

Rokajah: „Naha Pa, geuning éta duaan téh siga nu birat? Saha éta téh? Sanés rentjang bapa? Naha aja abdi parindah?”

Kuring: „Hidji-hidji atuh pertanjaan téh. Jajah mah biasa, ari barangtanja téh sok diborong.” (kuring diuk diurut Wiharti. Ari gék, bet aja nu kadiukan, barang diilikan, sihoréng lokét leutik. Moal ten nu Wiharti, tadi tinggaleun, rusuh teuing „birat”).

Kuring kalawan ringkes, njaritakeun pangalaman tadi kaurut murid-murid. (maranéhna tas kaondangan ti Ratmini, urut murid kuring kénéh, kamari nikahna). Sunarni mani sosongkolan mentjétan beuteung, bawaning ngeunah seuri ngadéngé tjarita kuring. Ari Rokajah mah ngan tjalangap baé, geus teu soraan balas seuri.

Babak V

Deukeut ka Tjimahi, di Djuruladén mupul gelas bari nagih bajaran. Bawaningbéra djeung gugup, nonoman tadi djung baé indit, teu noli babajar heula.

Djuruladén: „Dupi nu tjaralik di dieu téh lalungsur, kitu pa?”

Kuring: „parindah. Keun baé urut nginumna mah ku kuring dibajarna. Sabaraha? Sobat kuring „nu istimewa” pamegetna mah.”

Oranje-kreus ku kuring dibajar, bari diager-ager ku urut murid, pokna gé: „nja diupat sataker kadaék, nja plok tombok.”

Kuring njéréngéh baé, teu némbalan. Sabot kitu Wiharti njampeurkeun. Moal teu njusul lokétna anu tinggaleun modjang téh. Enja baé. Éra-éra gé nanjakeun.

Kuring: lokét téh, jaktos katilar. Malah itu raksukanhaneut sareng bongsang oléh-oléh gé teu katjandak. Entong ngalih atuh, raridu. Mangga tjalik deui baé di dieu.”

Wiharti: „itu koper di ditu da.”

Kuring: „sawios, dibantun ku bapa. Nomer sabaraha paragi tjalikna téh? “mangga Endén mah tjalik-tjalik baé di dieu.”

Wiharti:„teu émut nomerna mah. Tjaket panto gédéngéun istri sepuh, da.”

Kuring miheulaan, indit njokot koper. Atuh kapaksa Wiharti diuk deui dina urutna. Ari kuring balik deui, kasampak tilu modjang geus wawawuhan. Jajah katara mengkek piseurieun, pipina geus kembang-kembang baé.

Ari kuring geus diuk deui, tjong téh Wiharti njodorkeun leungeun, ngadjak mundjungan, bari ngomong:

Wiharti: abdi téh njanggakeun samudaja kalepatan, mugu bapa ngahapunten, tilas abdi tadi upat-sinuat. Teu nginten meueus-meueus atjan, wiréh nu diupatna dipayuneun pisan abdi.”

Kuring ngahelas tapi kapiasem. Bisi éraeun, didjawab téh: ih, naon téa? Da Bap amah teu nguping naon-naon. Apan kauninga, ti barang tjlak gé mondok tibra pisan.”

Kawasna ku jajah katangén, jén kuring téh mereketkeun manéh nahan piseurieun. Geus karuhan jatah mah ti tatadi gé pipina melendung, anjeuna teu kawawaeun, ngan barakatak baé seuri bari ngadjembél Sunarni kana pingpingna. Nu didjambél ngagurubug *bari aduh* tapi terusna ngabarakatak.

Dasar barudak bareuki seuri
Aéh.....nepi wéh ka Bandung

M.A. SALMUN
(madjalah Tjandra 1954)